ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№32 (24.158) ● 2021 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Дзасэжь Хь. У. етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэм яку дэлъ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным, къытщІэжьыз щІэблэм хабзэ дахэ яхэлъу гъэсэным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэхэм, жылагъуэ Іуэхуэм жыджеру зэрыхэтым щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 19-м
№28-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Феофилакт (Курьянов Д. А.) етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Псэкупсэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьным, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэм яку дэлъ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэхэм щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын Пятигорск, Черкесск щІыналъэхэм я архиепископ Феофилакт (**Курьянов Денис Анатолий и къуэм**) - Урыс Православнэ члисэм (Москва и патриархат) хыхьэ Пятигорск, Черкесск щІыналъэхэм епха дин къудамэм и архиерейм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 19-м
№29-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Циканов М. М. етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэм яку дэлъ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэхэм, жылагъуэ Іуэхуэм жыджеру зэрыхэтым щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Циканов Мухьэдин Мамсур и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 19-м
№30-УГ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ Дзасэжь Хьэзрэталий

КъБР-м и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Іущ1ащ КъБР-м ис Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Дзасэжь Хьэзрэталийрэ Іэбу Хьэнифэ и цІэр зезыхьэ Кавказ Ищхьэрэ ислъам университетым и ректор Чочаев Шарабутдинрэ. ЗэІущІэм апхуэдэу хэтащ КъБР-м ис Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и пащхьэм щиІэ ныдэщ Мисиров Хъызыр, КъБР-м ис Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІм и Іуэхущ1эхэу Сыжажэ Алимрэ Джэдгъэф Аслъэнрэ.

КІУЭКІУЭ КАЗБЕК Дзасэжь Хьэзрэталий екъуэхъуащ республикэм и мыслъымэнхэм я VIII отчет-хэхьныгъэ зэхуэсым КъБР-м ис Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІу зэрыхахьажамкІэ. «Уэ аргуэру а къулыкъур къыззэрыпхуагъэфэщэжам къегъэлъагъуэ цІыхухэм дзыхьышхуэ къыззэрыпхуащІыр. Илъэсипщ1ым кьриубыдэу уэри уи дэІэпыкъуэгъуэхэми лэжьыгъэшхуэ евгъэкІуэкІащ мамырыгъэр зи тегъэщ1апІэ ислъам диным и лъапІэныгъэхэр гъэбыдэным хузунэтІауэ. Шэч къытехьэркъым республикэм дин зэхуэмыдэхэр щызыІыгъэхэм я зегурыІуэныгъэр гъэбыдэным адэкІи фІыззрытелажьэнэм», - къыхигъэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

КІуэкІуэ Казбекрэ Дзасэжь Хьэзрэталийрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м ис Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм ильэситху гъунэгъуэм зэфІигъэкІын хуейуэ къыпэщыт къалэнхэм. Республикэм и Іэтащхьэм ДУМ-м и унафэщІым фІыщІэшхуэ хуищІащ коронавирус узыфэ зэрыщІалэм земыгъэубгъуным хуэгъэзауэ ягъэувэ мардзэкъ щ1ыхэр щыгъуэ зэманым дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІам папщІэ. ЗэІущІэм апхуэдэу и гугъу щащІащ республикэм и мэжджыт нэхъыщхьэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным теухуа лэжьыгъэр зэрекІуэкІым, ар и кІэм зэрынэблэгъам. А лэжьыгъэхэм щІадзауэ щытащ Дзасэжь Хьэзрэталий республикэм и Іэтащхьэм апхуэдэ лъэІукІэ зыхуиГъэза нэужь. Мэжджыт нэхъыщхьэр зыхуей хуэгъэзаным жыджеру хэтащ щІыналъэм и хьэрычэтыщІэкэри.

Дзасэжь Хьэзрэталий КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ хуищІащ жылагъуэм къыщекІуэкІ Іуэхуэхэм КъБР-м ис Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм хуэфэщэн кьалэн зэрыщигъэзащІэм гулъытэ зэрыхуищІам папщІэ. «Дин лэжьакІуэхэм адэкІи тлъэкІ кьагъэнэнукъым тхъэм и арэзыщІыныгъэм телажьэхэр хабзэм тетыным, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъхьэным хуэгъэзауэ. Ди лэжьыгъэр хуэунэтІащ зытет диным, къызыхэкІа лъэпкым емылъытауэ цІыхухэм пщІэ зэхуащІу, зэгурыІуэу кьэзэдекІуэкІыным. Дэ щІэх-щІэхыурэ даІуащІэнущ мэжджытхэм екІуалІэхэм, ди лэжьыгъэм унэтІыныгъащІэхэр къыззэрыхэдгъэхьэным яужь дитынущ. Ди кьалэныр цІыхухэр зыІгъэщхьэрыуэну хэтхэм дяпэкІи дапэщІытынырщ, республикэм илъ мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ тхъумэныр», - къыхигъэщащ абы.

КъБР-м и Іэтащхьэм и сайтым а махуэ дыдэм къралъхьащ дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэм яку дэлъ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным, щІэблэр хабзэ дахэ яхэлъу къэгъэтэджным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэхэм, жылагъуэ Іуэхуэм жыджеру зэрыхэлажьэным щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Дзасэжь Хьэзрэталий зэрыратыр къыщыгъэльэгъуэ Указыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Адыгэ илъэсыщІэр къихьащ - 6230 гъэр

● Фщ1эуэ пІэрэ?

Дунейм щызекІуэ махуэгъэпс псори лІэужьыгъуитІу зэщхьэщокІ: мазэм тещІыхьахэмрэ дыгъэм дежкІэкІэмрэ. Археологхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, пасэрей адыгэхэм а тІуми яжь къыщІихуащ икІи зэман къэбжьыкІэ щхьэхуэ къадекІуэкІыу щытащ.

МЕЙКЪУАПЭ и Іэгъуэблагъэм ит, ДыгъэкъуэкІыпІэкІэ зэдж зэпэрей уухуэныгъэм къыщагъуэтыжауэ щытащ мазэ 13 зи кІыхьагъ, мазэм зэрызихъуэжым тещІыхьа махуэгъэпс. Абдежми къыщымынэу, дыгъэм и зекІуэкІэм тещІыхьа, бзий 12 къызыхидз махуэгъэпс Псынэкъуэкіэ зеджэ ТІуапсэ и Іуэгъэблагъэм къыщыщІалэхьжат. А тІури лъэхъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэм адыгэхэм я гъащІэм хэтауэ щытагъэнущ, псом хуэмыдэу гъавэ щІэным ехьэлІа лэжьыгъэхэр ирызрагъэзэхуэу.

КъыхэзгъэщІапхъэщ зи гугъу тщІы ильэс къэбжьыкІэр «гъэрэ щІыпэ щІэзэхэІ», «хуабэмрэ дыгъэмрэ щІызэауэ», кІэщІу жьпІэмэ, адыгэбзэм мафащ1ъэтыхь е мафащ1ъэджэд щІэмкІэ къыхихьа къэжэрхэм я «наурызым» зыкІи зэремыпхар.

Бранты Зэчрей и къэхутэныгъэхэм япкъ иткІэ, пасэрей абзэзэх Іуэрыіуатэм къыхощ адыгэхэр Кавказым ильэс минибл хъуауэ зэрисыр. Археолог цІэрыІуэ Лопащ1э Нурбий къызэрыльытэмкІэ, ди лъэхъэнэм (эрэм) илъэсыкІэ IV лІэщ1ыгъуэм и кІэр лъэпкым и къежьапІэу къэпльытэ хъунущ. ЩІэныгъэлІым тегъэщІапІэ щІыпхъэ ильэсу кьещтэ ди лъэхъэнэм илъэкІэ 3750 гъэр. Ди эрэм илъэкІэ XXIII лІэщ1ыгъуэм ятха пасэрей халдей тхыгъэжьым а ильэсым хьэтхэр Кавказым къэІэпхъуэжьын щІадзауэ къраджыкІащ. Абы щыхьэт хуохъу испы унэхэр щащІа зэманри - хуэгъэфэщащэу ди эрэм илъэкІэ ильэс 4200-р.

Пэжьр жьпІэмэ, мы махуэгъэпсым хуэгъэфащэныгъэу хэльыр мащІэкъым, ауэ зи гугъу тщІа тхыдэджжэм ди эрэм илъэкІэ ильэс 4209-м щегъэжьауэ дыкъабжэ хъуну къалъытэ. А ильэс бжьыгэр нобэ дызытет, григориан мазэгъэпсыр здынэсам хэпльхьажмэ, гъатхэпэм и 22-м адыгэ махуэгъэпсымкІэ 6230 гъэр къихьауэ араш.

ХЬЭПЦІЭ Іэуес.

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ псэупІэ ухуэн Іэнатіэм и Іуэху зыІутым щытепсэлъыхьа зэІущІэ

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Москва къалэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ иджыблагъэ щыщыІам зэхэта зэІущІэхэм гулъытэ хэха зыщ1ыхуащІахэм, уухуэныгъэм, псэупІэ-коммуналнэ Іэнатіэхэм Іуэхур зэрыщ1ызэтеухуам щытепсэлъыхьа зэхуэс. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэ Къунэшъ МуІэед, уухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ министр Бэрбэч Алим, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и унафэщІ Ахъуэхъу Таймураз.

ЗЭХУЭСЫМ щызэпкърахащ щІыналъэм фэтэр куэду зэхэт псэупІэ унэхэр щыуухуэным, щхьэзакъуэ уухуэныгъэхэр щегъэкІуэкІыным тетъэгушхуэным хуэгъэзауэ щыІэ Іэмалхэм. Республикэм и Унафэщ1ым зэІущІэм хэтхэм кьахуихьащ уухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ уней инвестицэхэр кьыхегъэлъхьэным, а Іуэхур дэгъэкІыным хуэгъэзауэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм щыІэ лэжьэкІэхэм я щапхъэхэр. Зытепсэлъыхьахэм ящыщ1ащ проектхэр зэхэлъхьэным, уухуэныгъэр зэрырагъэкІуэкІым и фІагъым, мардзэкъм зэрытетыр къэпщІытэным, а Іэнатіэм щылажьэхэм я Іэщ1агъэм хагъэхъуэным хуэунэтІауэ щыІэ кьалэнхэр. Коммуналнэ Іэнатіэм хыхьэ Іуэхущ1апІэхэр инвестицэ программэхэр гъэзэщІэным зэрехьуІэ щыкІэри зэпкърахащ.

КІуэкІуэ Казбек кьыхигъэщащ псэупІэ уухуэным сыт и лъэныкъуэкІи егупсысауэ яужь ихьэн зэрыхуейр, цІыхухэр зыхуэныкъуэхэр, щІыналъэм и щытыкІэр кьэлъытауэ. КъБР-м и Іэтащхьэм зэІущІэм и кІэм республикэм и Правительствэм пщэрыльх хэхахэр хуищ1ащ зи гугъу ящ1а Іуэхуэм хиубыдэу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ министерствэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру щыІэм ищІа отчетым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру щыІэ Павлов В. П. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ министерствэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа отчетым хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру щыІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ министерствэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа отчетыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 18-м
№295-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчетым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчетым хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчетыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 18-м
№296-П-П

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа докладым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 18-м
№297-П-П

● Лъэпкъ Іуэху

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тыгъэ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкІыу Тэрч район библиотекэм, Щэнхабзэмкіэ унэм, къуажэ хасэхэм яІэрыхьащ тхьилъ зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм яхэтщ щІэнгъуазэ щхьэхуэхэр, щІэныгъэ методикэ, зэреджэ тхьилъхэр, КъАХ-м игъэхьэзыр «Черкесика» серием хиубыдэ къыдэкІыгъуэхэр, адыгэ тхакІуэ цІэрыІуэхэм я усэхэр, Іуэтэжхэр, повестхэр, романхэр зэрыт сборникхэр, плакат, афишэ гъэщІэгъуэнкэр, суэрэтхэр.

АПХУЭДЭУИ Джыпахъстэнкъым тыгъэ хуащІащ «Нур», «Іуащхьэмахуэ», «Литературнае Кабардино-Балкария», «Псынэ» журналхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и кьыдэкІыгъуэ щхьэхуэхэр. Иужьрейр зы щІэнгъуазэ псо ирокъу жьпІэкІи ущыуэнукъым, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ахэр ильэс зэхуэмыдэхэм цІыху цІэрыІуэхэм, Іуэхугъуэ гъэсэныгъэлІым тегъэщІапІэ щІыпхъэ ильэсу кьещтэ ди лъэхъэнэм илъэкІэ 3750 гъэр. Ди эрэм илъэкІэ XXIII лІэщ1ыгъуэм ятха пасэрей халдей тхыгъэжьым а ильэсым хьэтхэр Кавказым къэІэпхъуэжьын щІадзауэ къраджыкІащ. Абы щыхьэт хуохъу испы унэхэр щащІа зэманри - хуэгъэфэщащэу ди эрэм илъэкІэ ильэс 4200-р.

Пэжьр жьпІэмэ, мы махуэгъэпсым хуэгъэфащэныгъэу хэльыр мащІэкъым, ауэ зи гугъу тщІа тхыдэджжэм ди эрэм илъэкІэ ильэс 4209-м щегъэжьауэ дыкъабжэ хъуну къалъытэ. А ильэс бжьыгэр нобэ дызытет, григориан мазэгъэпсыр здынэсам хэпльхьажмэ, гъатхэпэм и 22-м адыгэ махуэгъэпсымкІэ 6230 гъэр къихьауэ араш.

ХЬЭПЦІЭ Іэуес.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

2021 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм щІыхуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - мэлыжьыхьым (апрелым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэмэ.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 365-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 23, *гъубж*

◆**Метеорологием и дунейпсо махуэщ**

◆**Урысейм и Гидрометеорологие Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ**

◆**1876 гъэм** урыс инженер Яблочков Павел электрокъарукІэ лажьэ лампІ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патент кьратащ.

◆**1848 гъэм** Венгриер Австрием къызэрыхэкІыр хэІущІыІу ищІащ.

◆**1891 гъэм** футболым япэ дыдэу къыщагъэсэбэпащ гъуэхэм Іуалъхьэ хъарыр - Инджылызым и Ищхьэрэ, Ипщэ щІынальэхэм я командэхэр щызэдджэгум апхуэдэу ящІат.

◆**1956 гъэм** япэ ислъам республикэр - Пакистаныр - къъунэхуащ.

◆**2001 гъэм** хы Хуэмым щыщІрагъэлъэфащ хьэрэшым щылэжьа «Мир» станцыр.

◆Совет кхъухьлъатэзехуэ цІэрыІуэ, авиацэм и генерал-майор, Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр япэу зыфІаща гупым яхэта **Ляпидевский Анатолий** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

◆Шапсыгъ лъэпкъым къыхэкІа, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Ацумыжь Айдэмыр** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

◆Зеикъуэ къуажэм щІыхь зиІэ и цІыхуу щыта, Іуэрыіуатэдж **Хьэфыщ1э Мусэбий** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

◆УФ-м щІыхь зиІэ и юрист, юстициэмкІэ 2-нэ класс зиІэ къэрал чэнджэщэгъу **Абазэ Руслан** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

◆Совет спортсмен, Олимп Джэгухэм лъэрыжкІэ къызэдзжэныжкІэ пІэнейрэ я чемпион хъуа **Гришин Евгений** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

◆Урысей фигурист, дунейм тІэунейрэ и чемпион, олимп чемпион **Маринин Максим** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 24, *бзэрэжьей*

◆**Жьэн узым еБэныным и дунейпсо махуэщ**. Нэмыцэ микробиолог Кох Роберт 1882 гъэм зыІущІыу ищІащ жьэн узыр къэзышэ бактериер кьэзэрихутар. Зы илъэс дэкІи, абы къихутащ таклор къызыхэкІыр. И лэжьыгъэ тельыджэхэм папщІэ 1905 гъэм Кох кьратащ Нобель и саугъэтыр.

◆**Урысейм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я штурман Іэнатіэм и махуэщ**

◆**Пакистаным щагъэлъапІэ я къэралыгъуэ и махуэр**

◆**1753 гъэм** Урысей империем цІыхум и хьэкумыр укІкІэ ящІэну зэрыхуимытым теухуа унафэ къыщащтащ.

◆**1801 гъэм** Урысейм и император Павел Езанэр Санкт-Петербург щиІэ Михайловскэ уардэнэм щаугІэуэ нэху къекІащ.

◆**1802 гъэм** Инджылызым щыщ къэхутакІуэ Тревитик Ричард бахъэкІэ лажьэ мафІэгу къызэригупсысам - щыхьэт техъуэ тхылъ ираташ.

◆**1822 гъэм** Бирмингем (Инджылыз) щыщ инженер Черч Уильям тхыгъэхэр къызэращ1ыр япэ типографие машинэ зэрызэпкърилъхьам и патент кьыдихащ.

◆**1898 гъэм** япэ америкэ автомобилыр ящащ.

◆**1999 гъэм** НАТО-м и кхъухьлъатэхэм ЮгославиемиЖ жылэхэм лагъымкІэ щрадзыхащ, «Зэкъуэтыныгъэм и къэру» зыфІащ операцэм хыхьэхэр ягъэзащІэу.

◆**2008 гъэм** Олимпием (Алыдж) деж щыпагъанэри, ирахьэжьащ Китаймрэ и къалащхьэ Пекин а гъэ дыдэм зыщ1ыхьэІуам и 8 - 24-хэм щекІуэкІыну трауха Олимп Джэгухэм я мафІэр. А Олимпиадэр тхъэгуГурлащ адыгэхэм - алыдж-урым бэнэкІэ лІэужьыгъуэмкІэ абы чемпион щ1ыхьэуауэ щытащ **Хъущт Аслъэнбэч**.

◆Совет физик, академик, оптикэм и лъабжьэр СССР-м щызыгъэтІылъа **Вавилов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.

◆Совет уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхуб артист **Козловский Иван** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

◆Совет уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, актрисэ, СССР-м и цІыхуб артисткэ **Шульженкэ Клавдие** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

◆Совет дзэ къулыкъущІэ, авиацэм и генерал-лейтенант **Сталин Василий Иосиф и къуэр** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

◆Совет шахматист, дунейпсо чемпион **Смыслов Василий** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

◆Философие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академикэ, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шенкао Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

◆КъШР-м и къэрал, политикэ лэжьакІуэ **Арэшыкъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

◆КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Хьэдзэдж Борис** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

◆УэрэджыІакІуэ, УФ-м и цІыхуб артист **Серов Александр** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

◆КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Шыдакъ Татьянэ** къыщалъхуа махуэщ.

◆Адыгэ Іуэрыіуатэдж, этнолог, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академикыу щыта **ЦІыпІынэ Аслъэн** къызэралъхурэ илъэс 61-рэ ирокъу.

◆УэрэджыІакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхуб артисткэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Кьандырым и цІэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Нэхей Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфауэ щыщ1ытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущ1агъэ:

Мывэ дзыкІэ зымыщІэм и щхьэм къохуэж.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхуэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Дифі догъэтъапІэ

Джатокъуэ Олег и лъагапІэхэр

**Лъэпкъ щІэныгъэм и къэкІуэнум псэ хьэлэмкІэ хуэлажьэ еджагъэшхуэхэм ящыщыц КІуэлыкІэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбардей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор, биологие щІэныгъэхэм я доктор Джатокъуэ Олег Уэлий и къуэр. Зэфіэкі лъагэ зыбгъэдэлъ, адыгэм и цІэр фІыкІэ жыжьэ щызыгъэІуф Іэщіагъэлыр УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъэтынымкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ. Зыпэрыт Іэнатіэм щызыІэригъэхьэ екъуІэныгъэхэр къалъытэри, Джатокъуэр пщІэ хуащІу хагъэхьащ Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием. Биологиемрэ мэкъумэш Іэнатіэмрэ заужьыным епха щІэныгъэ-къэхутэныгъэ инхэр зи щІыбагъ къыдэлъ адыгэ щІэныгъэлым апхуэдэу къыхуагъэфэщащ академик цІэрыІуэ Вавилов Николай и цІэр зезыхьэ дыжьын медальр, абы щыхьэт техьуэ тхьылъри щыгъужу. Щ1эныгъэ дунейми жылагъуэми пщІэшхуэ щызиІэ цІыху щыпкъэм мы махуэхэм егъэлъапІэ и илъэс 60 юбилейр.

ЦІЫХУ зэфІэкІым и фІыгъуэу, абы нэсу зыкъыщыдэхъуэх зэманэ къалъытэ илъэс 60-р. ИпэжыпІэкІи апхуэдэущ зэрыщытыр. Абы и щапхъэщ ди тхыгъэр зытеухуа Джатокъуэ Олег къикІуа гъуэгуанэ хупщафІэри, ар здынэса лъагапІэхэри, гъащІэм адэкІэ хуиІэ мурадхэмрэ хьэпсапІэхэмри: щІэныгъэкІи Іэщіагъэкіи, унагъуэкіи жьэгуъэкіи.

Джатокъуэ Олег Аруан щІыналъэм хыхьэ Къэхъуи къуажэм кьыщалъхуащ 1961 гъэм и гъатхэпэм и 21-м. Унагъуэ жьэгум и хьэмакІуэхэу Уэлийрэ Даниэлрэ жьилэм пщІэрэ нэмысрэ щызиІэ нэхъыжьыфІхэу дунейм тетащ. Уэлий илъэс кудщІэ хьэлэлу щылэжьащ Нарткъалэ дэт химкомбинатым, Даниэл унагъуэм илъ Іуэхухэмрэ сабий пІын-гъэсэныгъэ нэхъ тегъэщІагъэу щытащ. ЗэгурыІуэрэ зэдэІуэжрэ зи зэхуаку дэлъа зэщхьэгъуэсхэм я бынхэу ФатІимэ, Олег, Славэ сымэ іпэнкъ гъэсэныгъэ дахэрэ зэрыпсэун Іэщіагъэрэ щІэныгъэрэ ирагъэгъэтащ, гъащІэм гъэгу захуэ щытрагъэуващ. Зи дуней тетыкІэр щапхъэу щыт дэтхэнэ адэ-анэми хуэдэу, ахэр я кІарии зэфІэкІи щысхьакъым, я бынхэр лъэ быдэкІэ гъащІэм хагъэувэн папщІэ.

Зэрыбынищым я курыт Олег къэхъуащ къэзыухъуреихь дунейр, гъащІэм и зэхэлъыкІэр зыифІэхьэлэмэт, щІэныгъэм и нэхум зи гур иГэхуабэ щІалэу. Жылэм дэт курыт школыр еухуІэныгъэкІэ кІыуха нэужь, ар лъэпощхьэпоуншэу щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием. Студент илъэсхэр купщІафІэу, еджэным екъуІэныгъэхэр щызыІэригъэхьэу, академием щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхуэмэ хуэжьэру ирихьэкІащ адыгэ щІалэщІэм. 1985 гъэм Джатокъуэм еджэнымр зэфІихащ, зооинженер Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъэтащ. А лъэхъэнэм хабзэу къекІуэкІыпари, Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэр яГьакІуэу щытащ зыхуеджа Іэщіагъэмкіэ лэжьакІуэ нэхъ зыхуэныкъуэу къалъытэ Іуэхущапіэхэм. Олег къыпльыкар Горькэ областым хыхьэ Сергачевскэ районым щызэхэт «Восход» колхозыращ. А хозяйствэм Джатокъуэр зоотехник нэхъыщхьэу илъэскІэ щылэжьащ. Зыпэрыт Іэнатіэм хъарзынэу хэзэгъами, и Іуэху дэкІыу лажьэми, Олег хущІэкъут щалъхуа щІыналъэм нэхъ щІэхьІуэу къыгъэзэжьну. ЩІэнэхъуеиншэ щІалэщІэр апхуэдэу щІэхъуэпсыпт бгъэдэлъ Іэзэгъым, зэфІэкІым адэкІи хигъэхъуэну.

А мурадхэр и гъэзугъэлъагъуэу ди республикэм къигъэзэжащ Джатокъуэм. Куэд дэмыкІыу ар щІэныгъэ лэжьакІуэу ирагъэблагъащ опытхэр щрагъэкІуэкІ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш станцым Іэщ гъэхъунымкІэ и кІудамэм. Иужькіэ илъэс зыбжанэкІэ щылэжьащ нартыху гъэкІынымкІэ Урысейпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым ди щІыналъэм щиІэ Іуэхущапіэм. 1990 гъэм Олег лэжьыгъэм щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиемрэ (иджы университетым) генетикэмкІэ и кафедрэм и щІыналъэ лэжьакІуэу.

И Іэнатіэм гурэ псэмкІэ бгъэдэт лэжьакІуэ гумызагъэм абы къыщыкІуащ гъуэгуанэ купщІафІэ, ассистентым къыщыщІэдзаІуэ профессорым нэс. Дзыхь кьыхуащІ дэтхэнэ къалэнри къызыхуэтыншэу, щытхъу пылъу, жэуапльныгъэр зыхищІэу игъэзащІэрт Олег. Іэщіагъэлі ныбжьыщІэм а илъэсхэми зэи зэпигъуакъым и Іэщіагъэм епха къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. ЛІэщіыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм я пэщІэдзэм ар щІэтІысхьащ аспирантурэм. Ар екъуІэныгъэкІэ къыуха икІи игугъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр щызэхуэхьэса щІэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІи и къалэмпэм къыпыкІащ. Горький къалэм дэт къэрал мэкъумэш университетым Джатокъуэм 1994 гъэм хъарзынэу щыпхигъэкІащ и диссертацэр икІи мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат цІэр къыфІащащ. КъыкІэлыкІуэ илъэсым ар хахащ зыщыдлажьэ кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжьу, иужькІэ абы и доцент хъуащ. «Зоология», «Ветеринарная генетика», «Современные проблемы зоотехнии» щІэныгъэ унэтІыныгъэхэмкІэ студентхэм курсхэр ядезыгъэкІуэкІ, лекцэ купщІафІэхэм къхуеджэ щІэныгъэлІым 2000 гъэм ирихьэлІэу игъэхъэзыращ доктор диссертацэр. Ар Джатокъуэ Олег екъуІэныгъэкІэ Москва щыпхигъэкІащ а илъэс дыдэм. А лэжьыгъэм пщІэшхуэ щиІащ щІэныгъэ гъэІуэйм. Биологие щІэныгъэхэм я доктор хъуа Іэщіагъэлі Іэзэм УФ-м Егъэджакіуэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и унафэкІэ къыфІащауэ щытащ профессор цІэ лъагэри. Адыгэ щІалэм ирегъэкІуэкІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр къэралми лъэпкъ щІэныгъэмри яхуэщхьэпэу къалъытащ. А псори и лъабжьэу Джатокъуэ Олег куэд дэмыкІыу РАЕН-м хагъэхащ.

Егъэджакіуэ щыпкъэр, щІэныгъэлІ Іэзэр, къэхутакІуэ емыізэшыр апхуэдэуи лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэщ. Абы и щыхьэту ар мэкъумэш университетым и зооинженер факультетым и деканэ хахаяэ щытащ 2007 гъэм. Жэуапльныгъэ зыпльіть а къалэным епха лэжьыгъэ псоми къызыхуэтыншэу пэпльэщащ Джатокъуэр. ПщІэ хуащІу, 2012 гъэм Олег еГІуанэу пэрасэгъэвэжащ а къулыкъум икІи, дапщэщи хуэдэу, и пщэрыльхэр игъэзэщащ, ныкъуасаныгъэ хэмыльу, Іэнатіэр иригъэфІакІуэу, екъулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэу.

ЩІэныгъэ куурэ зэфІэкІ лъагэрэ зыбгъэдэлъ Іэщіагъэлір илъэс 30-м щІигъуэ щ цолажьэ университетым. Абы и щыбагъ къыдэлъщ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, методикэ, педагогикэ мыльхушхуэ. Профессор цІэрыІуэм и къалэмпэм къыпыкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэ куэд. Абыхэм я бжыгъэр псори зэхэту 320-м щІегъу. Джатокъуэм и унэцІэр зыщІэпъ. Іэжьыгъэхэм яхэтщ монографие щхьэхуэхэри, щІэныгъэ-методикэ пособиехэри, студентхэр зэрырагъаджэ тхьилъ хэлэлэмэтхэри, нэгъуэщІхэри. Абы и къалэмпэм къыпыкІ лэжьыгъэхэм пщІэ щагъуэт щІэныгъэ дунейм. Абыхэм ящыщ куэд къытрадзэ Scopus, Web of Sclense библиографие, реферативнэ дунейпсо базэхэм ящыщ. Іуэхуитіэ щІэныгъэ журнал цІэрыІуэхэм. А къыдэкІыгъуэхэм уи тхыгъэ къытрадзэн щхьэкІэ, дыззэрыщыгъуаззэщи, щІэныгъэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ епльыкІэщІэ гуэр абы хэлъын хуейщ, ар къызыхуэ рецензэ купщІафІэри щыгъужу. Апхуэдэ пщІэ льагэр щІэныгъэ дунейм хуэфащэ дыдэу къыщыхуащІ льэпкъ Іэщіагъэлім.

Къыщынэмыщ1аІуэ, университетым зэрыщылажьэрэ мэкъумэш Іэнатіэм ІэщіагъэлІхэр хуэгъэхьэзырыным жьыджэру яужь итщ Олег, абы и нэІэм щІэту, ар я щІэныгъэ унафэщІу ягъэхьэзыращ кандидат лэжьыгъэу 6-рэ 1 доктор диссертацэрэ. А псори, къапщтэмэ, хэлъхьэныгъэшхуэщ иджыпрей мэкъумэш Іэнатіэм ахэр зиужьынымкІэ.

Зи лэжьыгъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, студентхэм щІэныгъэ я ябгъэдэлъхьэнымкІэ хэкІыпІэ куэд къэзыгъэсэбэп егъэджакІуэ нэхъ лъэщхэм хабжэ. Абы къыхэкІыу Джатокъуэм сыт щыгъуи пщІэрэ нэмысрэ щиІэщ зыхэт гупым. Апхуэдэу ар куэдрэ ирагъэблагъэ ди къэралми хамэ щІыналъэхэми щекІуэкІ щІэныгъэ зэхьэхьэ зэмыпІэужьыгъуэхэм. Олег и Іуэху еплъыкІэхэр куэдым яфІэхьэлэмэтщ, щапхъэу, мардэу ягъэлъагъуэу.

Зэфіигъэкі а лэжьыгъэ купщІафІэхэм Джатокъуэм пщІэрэ щІыхьрэ къыхуахьащ. 2011 гъэм абы кьыфІащащ УФ-м щІыхуэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ льагэр, кьыхуахъэфэщащ щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр, дамыгъэ Іэнапіэхэр. Джатокъуэ Олег и цІэр иратхащ Дунейпсо библиографие щІэнгъуаззэм. Ар хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Дон къэралми щІэныгъэ университетым доктор, кандидат лэжьыгъэхэр пжьыгъэныкІэ я диссертацэ советхэм. УФ-м Щ1эныгъэмкІэ и министерствэм 2018 гъэм къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, Джатокъуэ Олег КъБКъМУ-м и диссертацэ советым и унафэщІым и кьуэдзэу ягъэуващ.

Егъэджэныгъэ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ, жылагъуэ Іэнатіэхэм апхуэдиз лэжьыгъэ купщІафІэ щызэфІэзых лъэпкъ щІэныгъэлІым и щыбагъ кьыдэтщ унагъуэ дахи. Олегрэ и щхьэгъусэ Женнярэ (ар Борсэхэ япхъущ, и Іэщіагъэкіэ егъэджакіуэщ) кьащІэхьауэ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я лъабжьэу ягъэсащ зы хьэщІжьбзэрэ щІалитІрэ. Зэщхьэгъусэхэм абыхэм ирагъэгъэтащ щІэныгъэ нэхъыщхьэрэ зыщІэхьэгъэ Іэщіагъэрэ. Залинэрэ Залымрэ экономистщ, Замир дзэ докутыращ. Ахэр псори унагъуэ дахэ хьужащ. Быным, кьуэрылъхуурылъхуурэ я екъулІэныгъэхэм ирогушхуэ, иропагэ, ягурэ я псэри донИ Олегрэ Женнярэ. ЩІэблэр кьоХу, адэ-анэ щыпкъэм, гумащІэм, адэшхуэ-анэшхуэ Іэфіым пщІэ хуащІу, абыхэм я ущиехэмрэ чэнджэщхэмрэ я гъэзугъэлъагъуэу, я ГащІэ ГъэуГэнэ купщІафІэхэр, я гупсысэ куурэр, дуней еплъыкІэ екІуэкІэ я гъуаэзу.

Кьыызыхуэтыншэу игъэзащІэ лэжьыгъэхэм, тэмэму ирихьэкІ кьулыкъуэм щыгъуаэз ухъуа нэужь, кьыбгурОуІэ Джатокъуэ Олег нобэкІэ здынэса лъагапІэхэр абы дяпэкІи хуээфІэкІыну ІуэхуГъэхэм я зы Іыхьэу зэрыщытыр. Лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьныгъэм зи зэфІэкІрэ акъылрэ езыхьэлІэу лъэ быдэкІэ гъащІэм хэт еджагъэшхуэм дохъуэхъу еФІакІуэу, узыншэу, екъулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэу иджыри куэдрэ и Іэнатіэм пэрытыну, и унагъуэ дахэм яхуэпсэуну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэхъун къуажэм щыщ Нэщіэпыджэхэ Анзоррэ Мозэрэ я унагъуэм илъэс 70 ипэкІэ, мэлыжьыхьым и 21-м, зэтІолъхуэныкъуэу зы щІалэрэ зы хъыджэбзрэ - Анзауррэ Риммэрэ - кьихьащ. Аэр кьыдэкІуэтеиху, кьыщалъхуа махуэр зэдагъэлъапІэу екъулІэкІащ, дауи. Зэдалъхуэзэшыпхъур унагъуэ щхьэхуэщхьэхуэ хъуа нэужь, зырызу ягъэлъапІэу яублащ и махуэр: Анзаур - гъатхэпэм и 21-м, Риммэ - 22-м. Апхуэдэ гурыфІыгъуэр «гъащІэ мащІэу» къахущІэкІащ абыхэм. Анзаур и ныбжьыр илъэс 46-рэ фІэкІа мыхъуу дунейм екІжащ. А гуаузм иужькІэ, кьыщалъхуа махуэр Риммэ зэи игъэлъапІакъым, апхуэдэ гукъыдэжи иІэжакъым. Мы гъэм илъэс 70 мэхъу Риммэ, Анзаур псэужамэ, ар гуфІэгъуэшхуэ яІэтынут.

ЗэтІолъхуэныкъуэхэм я илъэс 70

ДЭТХЭНЭ цІыхури зыгуэрым къыхуегъэщІ. Илъэс бжыгъэ къиГэщІаракъым нэхъыщхьэр, атІэ къиГэна лъэужьыщ. И ГащІэ мащІэм къирибудэу Анзаур куэдым хунэсащ. Илъэс 21-м иту Нарткъалэ унэлъытащ щыпсэуну и автогаражым щылэжьэн щІидзат абы. А зэманым ар икІи еджэт - Тэрч къалэм мэкъумэш хэзІыхуэзэхэмкІэ техникумым и студентт. ИужькІэ ЖЭК-м, «Мэкъумэштехник» Іуэхущ1аІэм щылэжьащ, иужьрей илъэсхэм Нарткъалэ дэт «Водоканал»-м и унафэщІу щытащ.

Дэнэ щыныІэмкІэ, зыхэт гупым пщІэ кьыхуащІу, и псалъэр яльытэу апхуэдэт. Мызэ-мытІэу щыналъэ, къалэ администрацэхэм къабгъэдэкІ щІыхь тхьилъхэр къыхуагъэфащащ. Бынищ зэрыс унагъуэм я адэти, Анзаур лажьэрт, и щхьэгъусэ Заремэ сабийхэм яхэт, унагъуэр зыхуей хуигъаззу. 1997 гъэм и щэкІуэгъуэм унагъуэм гуауэшхуэ къатепсыхащ. Псэун щІидза къудейрэ къыдэкІуэтей быным я екъулІэныгъэхэм щыгуфІыкІ Анзаур дунейм ехьыжащ. Ар зи жагъуэ мыхъуа дэсакъым къуажэмэ, яхэтакъым благъэ-Іыхьлыхэмэ. Зэшыпхъухэмэ, анэмэ я гуауэр хьэпъот, гъэвзыГуейёт, щхьэгъусэм дежкІэ гъэвзэгъуэшхуэт. Гуауэм хигъащІэми, и бгыр щІиКъуэзэри, и сабиищІэр зыхуей хуэзэу иПІащ Заремэ. Дэтхэнэми щІэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ, гъащІэм зэрыхэпсэуКІэн акъылрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдилъхьащ, унагъуэ щхьэхуэу игъэтІысыжащ. ХьыджэбзитІыр - Джульеттэрэ Заретэрэ - экономист Іэщіагъэм хуеджащ, унагъуэкІщ. Ахьмэд юристщ, зэзыгъэкІуэ судыщІэм и кьуэдзэу мэлажьэ. Анзаур и бынхэм къатепщІыкІа къуэрылъхупхъурылъхуу 8 иІэщ. Анзаур яхэмытыжми, унагъуэр зыхуей хуигъэзфащ щхьэгъусэ акъылыкфІэм, Іэдэбым, Іущым. Нобэ Заремэ зыхэс лъэпкъым пщІэ кьыхуащІрэ чэнджэщэгъу нэсу кьалъытэу апхуэдэщ. Зэлъусэм псэ хелъхьэ жьхуаІэращи, абы акъылкІэ, Іэкіэ зэригъэзэхуа Іэхуэм утемыгуэзвыхьыжми хъуну щІыхум яхэтщ. И бынхэр зыхуей зэрыхуигъэзам хуэдэу, и щхьэгъусэм кьыдальхуахэри арэзы ищІыфащ Заремэ, я анэкъилъхур зэрамыІэжьмкІэ гуГэрыдздэ зы махуи яригъэщІакъым, гумащІэу ябгъэдэтщ. Адэшхуэм и лЪуэжьыр зэрымыкІуэдам и нэщэнэщ Ахьмэд и щхьэгъусэ нэхъыжьым абы и щІэр зэрыфІищІыжар.

«Кьадалъхуа си дэлъхур къэтэджьжауэ кьыысщыхъуат, ди щІалэр кьызбгъэдыхьэу и адэм и щІэр и кьуэм фІищыжьну хуейуэ кьыщІэжиІам. Сэ щхэу сиГу илъми, ину схужьІатэкъым...», - игу кьегъэкІыж Риммэ. И дэлъхур имыІэжми, унагъуэ дахэм я жьантІэдэс бзыльхугъэрэ и Іэщіагъэкіэ пщІэшхуэ иІэу илъэс 70-м нэсащ Риммэ.

Ар 9-нэ классым кьыщІэкІри, конСерв заводым уват. Аруан район сымаджэщым «Жор ПІЪыжь» зэгухэныгъэм и курс кьыщІэзэрагъэпэщати, пщыхьэщхьэкІэрэ абы кІуэурэ, медицинэ Іэнатіэм и зэхэлъыкІэм зыщигъэгъуазэрт. Ауэрэ абы хуеджэри, районым сымаджэщым щылэжьэн щІидзащ. ИкІи илъэс кудщІэ а Іэнатіэм парытащ. Риммэ гуапэу игу кьегъэкІыж и Іэщіагъэм теухуауэ куэд кьэзыгъэщІа дохутырхэр: Хьсанэ Лидие, Щоджэн Нинэ, Шыбэхьэ Любэ, Жамборэ Хуржан, Дзыгурэ Ануар сымэ.

И унагъуэри и лэжьапІэри ЗыІэхуэтыншэу зэрихьэу, и цІыхуГэмрэ и бзэ Іэфіагъэмкіэ цІыхуэхэр къыдихьэхыу лэжьащ Риммэ. А псори зыхуей хуэзэу кьхъуІэн папщІэ сыт щыгъуи и щІэгъэкъуэнщ и щхьэгъусэ Шокъум Жыраслъэн. Жыраслъэнрэ Риммэрэ щІалитІ яІащ. Юрэ Арбитраж судым и унафэщІым и кьуэдзэщ, Мурат хьэрычэтыщІэщ.

Район сымаджэщым илъэс 36-кІэ щылэжьауэ унагъуэр Шэрэдж Ищхьэрэ Іэпхъуэжащ. Абы щыгъуэми Іэнатіэншэ хъуакъым Риммэ. И ныбжьыр илъэс 50 щрикъум иригъэІэу Аруан районым УэныщаГъэр хьэмэныкІэ и кьудамэм и унафэщІу лэжьа Гащтэ Татьянэ кьыхуэупсат абы - Шэрэдж Ищхьэрэ дэт амбулаторэм игъэуват. Ар сыт щыгъуи фІыщІэ хуищІу игу кьегъэкІыж Риммэ. ГупыщІэ зыхьхьам щылажьэ псори гуапэу кьыщІпежьащ икІи тыншу яхэзэгъащ. Псом хуэмдэу Сэкъурокъуэ ХьэкІуэ, Хужьокъуэ Тамарэ сымэ хуабжьу дэІэпыкІуэгъуфІ икІи чэнджэщэгъуфІ кьыхуэхъуащ.

Илъэс 50-м щІигъукІэ медицинэ Іэщіагъэм пэрытащ Шокъумыр. Езым зэрыжІэмкІэ, и екъулІэныгъэхэм папщІэ фІыщІэр зейр лэжьыгъэ Іуэхум теухуауэ зыри кьыпэзымыбыдэ и щхьэгъусэрщ. Мыбдежьм кьыхэгъэщІыпхъэщ Шокъумхэ я унагъуэм илъэс зэгурыІуэм папщІэ Аруан щІыналъэ administрацэм и Іэщіагъэм. «Урысей зэкъуэт» партым и республикэ къудамэм я фІыщІэ, щІыхь тхьилъхэр. Илъэс кІуам абы «КъБР-м уэныщаГъэр хьэмэныкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр къыфІащащ. Ар кьилэжьащ псэемыблэжу зэрылажьакІэ, игурэ и псэрэ зэІухуэу щІыхум зэрахэтымкІэ, кьыхуэныкъуэм и деж нэсрэ арэзы зэрищІыкІмкІэ, зэрахуэгъэпэмкІэ.

ЖьащІыхь махуэ хьуауэ и екъулрылъхуу щІыкІуэм я жьантІэдэсрэ и щхьэгъусэ Жыраслъэн и щІэгъэкъуэну апхуэдэщ Риммэ. Зы зэкъуэщ игу хэзыгъащІри, кьыдалъхуа и дэлъхур псэужарэ зэгъуэзу илъэс 70-м ебэкъуамэ, иІэ псори насыпт тІуащІу зыхищІэнут...

ГЪУЭТ Синэ.

● Ди махуэгъэпс

ФІыгъуэ гъунапкъэншэ

ООН-м и Ассамблее нэхъыщхьэм 1993 гъэм мазаем и 22-м иригъэкІуэкІа и зэхьыхьэм гъатхэпэм и 22-р Псым и дунейпсо махуэу щагъэуващ.

ЗЫЗЫУЖЬ-зыізыхъуэжу мы дунейм тет псоми я дежкІэ псор псэхэлъхьэжу зэрыщытым тщыщ дэтхэнэри дызэрыщІыкІырэ дыщыгуазэщ. ТкІуаткІэ телъыджэм и «хьэл-щэн» гъащІэгъуэныщхэм щІэныгъэлІхэри цІыху къызэрыгуэкІэри куэд щІауэ топсэлъыхь. ИтІани, дэ языныкъэм дежи дегупсысыкъэхэркъым псым ди гъащІэм щиІыгъ увыпІэр зыхуэдизым, а къащІыгъэ телъыджэм хуэфащэ гупльэ щыхуэдмыщІри нэхъыбэщ.

ЩІы Хьэрэм псыр щыщІащэрэ дызэрыхуущыщІи щымыІуэ зэ еплъыгъэкІэ къытщІыхьыми, абы щыщу дызэфэ хъунур щІыналъэ куэдым щымащІэщ, цІыху меларди 2,5-м щигъум зэрызагъэкъабзэр дагъэнэшэкъым. Ауэ щыхьэкІи, ди планетэм гъащІэр щызэтезыІыгъэ а ткІуаткІуэ гъуэзэджэр ирикъуу кьызІэІэрыхьэжри дегупсысыпхъэт ар зэгъэззэхуауэ кьэдгъэсабэпын зэрыхуейм.

Ди планетэм тет къэралхэм я нэхъыбапІэм иужьрей лъахъэзэнэ хуабжьу щытопсэлъыхь дыкъзызыхъуреихь дунейм дыщыскъыхь, дыхуэсакъын зэрыхуейм.

Уи гум фІы ибгъэлъхьу нэхъыфІщ

Иджыпрей щІэныгъэм кьызэрихутамкІэ, псым и зэхэлъыкІэр куэду елытащ абы кьыпэгъунэгъу цІыхум зыхиущІэ гурыгъу-гурыщІэхэмрэ гупсысэкІэу зэрихьэхэмрэ. Псым «зэхих» хъыбарыр компьютерым ещІыку «игу» иреубыдэ.



«Псыр псэхэлъхьэжщ», «Псыр псэм и зы нЫкъуэщ» псалъэжьхэр зэрыщІэпэджэкри нэрылъагъущ. Нобэрей щІэныгъэр зыщІыгъуазэр а жьІэгъуэхэмкІэ нэхъ пасэу кьэІуэта мы хьэуаГэ пІэрэ?

Псым «псэ зэрыхэтыр» зэхэзыГъэкІа япэ кьэпщІэтэныгъэхэр езыГъэкІуэкІауэ кьалъытэр Японием щыщ щІэныгъэлІ, доктор Мосару Эмотощ. Ауэ кьыжьІэпхъэщ псым и зэхэлъыкІэр зэрызыхуэдгъаззм, дызэрыбгъэдыхьэм зэрелъытар щызэхэдгъэкІыфын кьэхуэтэныгъэ щІыкІуэр тщыщ дэтхэнэми зэрытхуегъэкІуэкІынкІэ. Абыкіэ щІыхьэтщ Волгоград кьалэдзэ Гребень Маринэ.

- Си щхьэкІэ згъэунэхуащ псым зэрызыхуэбгъаззэ псалъэхэмрэ абдеж дыдэм щызыхэпщІэ гурыгъу-гурыщІэхэмрэ псым зэрызыгъдищІыр, - жеІэр абы. - Сыт сэ сущІар? ЯпэщІыкІэ ІэгубжьэкІэ псы кьызэрыгъэкІ кьыщІэзгъаІэри сефащ, Іэфіагъ, гуакІуагъ и льэныкъэкІэ иужькІэ зэрызыхъужьыр зэхэзгъэкІынкІэ мурадри силэу. ИтІанэ, адрей псыр аргуэру Іэгуфитіым изубыдэри, гуапагъэрэ гумащІагъэу кьыскуэгъэІуэрыщІэхэмкІэ дахагъэ жеІэрэ сеубзэрабзэу, сехъуэхъуу щІэздзащ. Арыхэти, си Фіэщ хьужами ярейуэ, псым эхьэлІауэ си гум Іэфіагъ мыухыжьм зыкъыщІэтащ. ИтІанэ, апхуэдизу «сызыхуэупса» псым сызыхуэсакъынпэурэ сеІубащ. Тельыджащэщ, ауэ етІуанэу зыІуэгъэхуар и гурыхьагъуакІуагъэкІэ я пэрэйм хуабжьу кьыщхьэщыкІыпт.

ЦІыхум и гурыщІэр, и гупсысэр псым зэрызыхищІэр кьэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІащ профессор Коротков Константин и лабораторэми. Псы зэрыт хьэкъыщыкъур кьэзыувыхьа гупльр, лъагъуныгъэм, гу щабагъэм, кьабзагъэм ехьэлІауэ гупсысэхэр, зэрахуэзэфІэкІкІэ, я щхьэм щаІыгъыну хущІэкъуащ. Фальэм и псыр яхьэужри, гупсысэхэр щынагъэм, лъагъумыкъуныгъэм, зэныкъуэкъум хущІэкъуэхэм трауэращ. ТкІуаткІэ І1эужьыгъуитІри зэщІагъэщтхьащ, ямолекулэхэм я зэхэлъыкІэр кьащІэн щхьэкІэ. «ФІыщІэ пхузощІ», «къыСхуэгъэгъу» псалъэхэр зыжьрагІа псым и молекулхэр тхьипхъэщІыпхъэ дахэу зэхэуващ. «Си гур пщыкІащ» дыджьгъэр зэрагъэса псым и кластерхэр микроскопкІэ щызэпаллъыхьыжьым, ахэр нэджэГуджэ дыдэу кьыщІэкІащ.

- Мы ткІуаткІуэм и зэхэлъыкІэри телъыджащэщ. Абы и «акъылым» (кластерым) дэтхэнэ зы цІыхуми зыхуей псалъэуэа щыхуэтхынущ, хущІегъуэжамэ, нэгъуэщІкІи щыхуэзэхьІыкнущ, - езым кьыхутахэмкІэ кьыддогушэ профессор **Рустум Рой**.

- Гупсысэ Іей и акъылым щызыхьэмуэ цІыхур и Іэпкъльэпкъым хэт псыращ псом япэ зэгуаэри, Іейм телэжьэн хуэдэу зэтриухуэри. Араш нэхъыбэрэ уи гум фІы ибгъэлъхьу щІэнэхьфІри. КьыдзэрыщІэкІыжьыну, гульытэнщІэхэм нэхъ Іейжу псым и ухуэкІэр зэтрекъутэ. Арац сыфайхэмрэ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ зэпымыууэ едэхэщІэн, макъ щабэкІэ епсэлъэн щыхуейри, - щхьэхэтэ псыгъуэ доктор **Мосару Эмоторэ** щІэныгъэлІ **Грубер Аллоисрэ**.

А псом уедэІуа иужькІэ, ди псы ежэхэхэм яІэ хъуа щытыкІэм димыгъэгузэвэн тлъэкІыркъым. Ахэр пхъэнкІий идзыпІэ зэращІыжам дызыхуишэнур сыту пІэрэ, псыр ДыкъэзыгъэщІам и компьютерм?..

Псоми я зэхуэдэ къалэн

АтІэ сыт мы махуэр зыхуэгъэзэар? ЩІыпэпсым ехьэлІа адрейхэми хуэдэу, ар кьыщІауублар, ублэкІынкІэ Іэмал зыхуэІэжу, мы Іэнатіэм къыщыкъуэкІа къалэн тКІийхэр зэфІэгъэкІын зэрыхуейм жылагъэуэм я гъэгъэтэнырщ. Мыбдеж зыщитльэфыхьрэ зэман дэдгъэкІмэ, дунейпсо цІыхубзр гузэвэгъуэшхуэм дыхэхуэнкІэ хъунущ. Ауэ щыхъуКІи, щІыуэпсыр хуэмэнри, егъэфІэкІуэныр къэрал псоми я унафэщІэкІм, абыхэм щыпсэу цІыхухэм ди зэхуэдэ къалэнщ. Псым и махуэр къыщІагупсысари зытращІыхьари аращ.

АНЗОР СультІан.

Арыншауэ дыпсэуфынутэкъым

Щы Хьурейм тет къэралхэм я нэхъыбапІэм Мэзым и махуэр щагъэлъапІэр гъатхэпэм и 21-рщ.

МЭЗЫМ и мыхьэнэр зыхуэдизыр къэльытэгъуейщ. Ар зэхьэлІари абы кьыдит пхъэм ди гъащІэм щигъэзащІэ къалэным и закъуэкъым. КуэдкІэ нэхъ лъапІэжщ икІи нэхъ къэльытапхъэщ, мэзэр ЩІы Хьурейм и «тхьэмбылу» зэрыщытыр. Абыхэм цІыхур фІэкІынІэ зимыІэу зыхуэныкъуэ кислородыр къалэжь, дыкъэзыухъуреихь дунейм ар хаутІыщыкъ, предприятэхэм къапиху углеродыр зыщІашэ. Планетэм псыІагъэу тетыр тэмэу зегъэкІуэнымкІэ къалэн нэхъыщхьэ зыгъэзащІэри ахэращ.

Дэ дыпсэуфынутэкъым, ахэр димыІатэмэ. ЖьыпІэнуи ирикъунщ, зы жьыг мыин дыдэм сыхьэт 24-м кьурибудэу цІыхуищІэ зэрыбдаУ жьэкІ (кислород) кьызэрилэжьыфыр. Апхуэдэуи, фэ, дауи, гу лъэфтащ мэзым уи Іэпкъльэпкъыр нэхъ зэрыщыщІэкІым: мыбдежьм хьэуар куэдкІэ щынэхъ кьабзэщ. ГъэщІэгъэнщ, ауэ мэзэхэм сабэри зыщІашэ. Псалъэм папщІэ, я гектарым ит уэздыгьей гуэрэным сабэу тонн 40-м нэблагъэ зыщІаубыдэ.

ООН-м ерыскьыпхъэмрэ мэкъумэш хозяйствэмкІэ и кьудамэм кьитхэм ятепщІыхьмэ, дунейм мэзхэр псынщІэ дыдэу нэхъ мащІэ щохъу. КьызэрабжамкІэ, илъэс кьэс ЩІы Хьурейм и мэзу гектар мелуани 13-м нэблагъэ тобэзыкІ, къагъэкІыжьыфыр гектар мелуани 6 иримыкъуц. Абы кьикІыр аращ, ди планетэм секунд кьэс фІокІуэд футбол джэгупІэм кьызэщІиубыдэ мэзым хуэдизу.

ЩІэныгъэлІхэм кьызэрахутамкІэ, жьыгэм щыгуІлъым псыуэ зэкьыхьащ, щыыж ар хьэуам хаутІыпщкъэж. Мэзхэращ щыщІагъэпсхэр нэхъыбэу кьыдэзыгъэкІуейри, щыи и гущІыІуэ зымыгъэпхъэри. Пасэ зэманэм кьыщыщІэдзауэ гу зэрыльатащи, жьэ зыІумытыж псыхэр псынщІэ дыдэу мэгъуж.

КьищынэмыщІауэ, мэзым щыщІэр гъатхэ лъэхъэнэм уэсыр щытКІужкІэ куэдыщІэу кьыдэзыкъубей псыІагъэри. Арыншамэ псыхэр ямылейуэт кьызэрзиуныр. Гъэмахэр кьиХьамэ, мэзым псы

2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м «Вера» радиом и журналист Володихин Дмитрий «Тхыдэм и сыхьат» зыфIища радионэтыным хэгурыфIэблэгъауэ щытащ тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, Урысейм и къэрал гуманитар университетым (РГГУ) и доцент Шокарев Сергей. Ахэр тепсэлъыхьащ Черкасскэхэр пщы лъэпкъымрэ абыхэм Урысей тхыдэм щаубыдащ уэрыIэм и инагъымрэ.

- Радиом къедаIуэхэм фIэхъус фызох. Нобэ дытепсэлъыхьынущ Урысейм нэхъ щыцIэрыIуэ пщы лIакъуэхэм я Черкасскэхэм. Зи кьежьапIэр Кавказ Ищхъэрэм епха а лъэпкъыр Урысей тхыдэм апхуэдизкIэ хэпщIащ, псом хуэмыдэу, пащтыхыгъуэр зыIыгъа Рориковичкхэмрэ Романовхэмрэ зэрабгъэдэтамкIи, Черкасскэхэр урыс лъэпкъ дыдэу фIэкIа къэзымыльытэхэр нэхъыбэщ. Урыс Iэрыгтыжьхэми тхыдэ дэфтэрэхэми куэд дыдэрэ ущрооуохьэлIэ абыхэм я уэрэмыIуэм. Нобэ ди урадщ а лъэпкъым и Iуэхур къызэрекIуэкIам и гугъу тщIыну. Дэ ди псэлъэгъуэ курыт лIэщIыгъуэхэм зэфIэува урыс лIакъуэхэм я блэкIам елэжь IэщIагъэлI телъыджэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, РГГУ-м хэт Тхыдэ-архив институтым и доцент Шокарев Сергей.

- Черкасскэхэ я лъэпкъыр Урысейм къэIэпхъуэу, Мэзкъу тетыгъуэр щызыIыгъахэм ядэлэжьэн щыщIадзэ. Iыхьэнэмэ къэщIедгъэжьэнщ, ар зыхуэзэр XVI лIэщIыгъуэм и курщ, Иван IV и эзаманым.

- Ялэщ Iыкъ унэщIэр къызэрыхъуам дытепсэлъыхьынщ. Сыт хуэдэ щIыкIэу къалъыса ар а унагъуэ щIэрыIуэм урысей тхыдэм щыхэпщIа лъэхъэнэм? XVI - XVII лIэщIыгъуэм «черкасы» цIэмкIэ Кавказ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъ зыбжанэм еджэу щытащ, уеблэмэ, «запорожскэ къэзакъ» жыхуаIэ украинхэми а цIэр щрапкъэхъуэт, итIани, нэхъыбэм ар къызэрагъэсабэпыр къэбэрдей адыгэхэмрэ «Черкаская земля» зыфIащауэ щыта Къэбэрдеймрэ ятеухуауэт.

XVI лIэщIыгъуэм икуэм крым хъаным къыхигъэзыхьа къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ дэIэпыкъуэгъу хуейуэ Иван IV зыкъыхуигъаэзри, 1557 гъэм урысей «подданство» кьищтат. Лъэныкъуэ гуэркIэ укъепльмэ, апхуэдэфэ тет кьудейуэ арат, итIани, зыгуэрхэмкIи дадэIэпыкъуауэ жыпIэ хъунущ къэбэрдей адыгэхэм. 1567 гъэм, илъэсипщI дэкIа нэужь, а щыпIэм тэрч кьалэ цIыкIу къыщызэрагъэпэщри, Тэрч и Iуфэм урыс быдапIэ щаухуауэ щытащ, иужькIэ зыбжанэрэ ягъэIэпхъуащ ар. Сытми, а щыпIэм урысыдзэм и хуэмэбжьыщIауэ къыщIэкIащ абы щыгъуэми. Абдеж щегъэжьауэ зи гугъу тщIа Къэбэрдеймрэ и тепщэ Идар е Айдар Темрыкъуэрэ (ди Iэрытхыжьхэм «Айдаров» жеIэри итщ иджыри) Мэзкъу щытепщэ унагъуэмрэ нэхъ зэкIэпыкIуэн щIадзэ. Темрыкъуэ и къуэкIэ зыбжанэрэ Урысейм къэкIуащ. 1561 гъэм къэбэрдей тепщэхэмрэ мэзкъу пащтыхьхэмрэ я лъэпкъэр благъэ зэхуэзыщIа Iэхъур къэхъуащ. Пащтыхь Иван IV и япэ щхьэгъусэ Анастасие Роман и пхъур дунейм ехыжа нэужь, абы Темрыкъуэ ипхъу, чыристанигъэр кьыщищэм Марие цIэр зыфIаща хъыджэбзыр кьишащ.

- А нэчыхьыр ятхыним щхьэусыгуэу хуэхъуар сыту пIэрэ? Сэ кьыззэрызгурыIуэмкIэ, абы политикэ жэрдэмэхэм ямыщI, щыхь щхьэхуэм епха гуэрхэрэм хэпIыкIи хуеищ. ШэН хэмылIэу, хъыджэбзыр адрейхэм кьахэзыгъщIэ гугъу бгъэдэлъагъэщ. Хьэмэ кьанэ щымыIэу псори политикэм пыщIат?

- Зи гугъу тщIыхэм я псэукIэ хьэлэр уи нэгу кьыщIэувэн хуэдэу, ди Iэрытхэхэм кьыбжаIэшхуэ щыIэкъым. Ауэ Никон кьыщIэна Iэрытхьм кьыхоуц къэбэрдеипщым и пхъур Мэзкъу кьыщыкIуа ялэ махуэм пащтыхьыр еплъу ар игу зэрыприхьар. Абы кьикIыр, дауи, пщащэр зэрыдахэрт. Ди жагъуэ зэрыхъуащ, и теплъэр нобэ щыIэ IэмалхэмкIэ зэфIэдгъэзэвэжьну Iэмал диIэжкъым - и хьэдэкъупщхьэ кьыззэтенащ, ахэр яджащ, ауэ щхьэкъупщхьэ яхъумэфакъым.

- И сурэт щыIэкъым, ара?

- Сурэти щыIэкъым.

- Теплъэ гуэри къэнакъым?

- Дэри, плъагъэрэ, ар зэрыщытауэ жыхуаIэр ди фIэщ тщIын фIэкIа, нэгъэщI Iэмал диIэкъым. Сытми, Мариеи и гуэсу и благъэжь кьокIуэ. И дэпкъу СулътIанкъул нэхъ пасэжь кьакIуэщ, чыристанигъэ кьищтэри, Темрыкъуэ и кьуэ Михаил цIэр зэрихьэн щIидзакIэт. Опричнинэм и лъэхъэнэм утыку ита, Иван IV нэхъ пэгъунэгъуэ щытахэм яэщ ар. Боярин ящIат, опричнинэм и дзэпщт, зы лъэныкъуэ гуэркIи урыс Iуэрыуатэм хэпщIа хъуат СулътIанкъул. «Мамстрюк-Кострюк» жаIэу пащтыхь Грозным и щыкъу щIалэм теухуауэ щыIэщ урыс уэрэдыжь гуэр. Ауэ щхьэкъуI, Мамстрюкрэ цIэр зезыхьэ дэлъхьуи и Iэт Марие. Арэ СулътIанкъуэрэ Мариерэ я анэкъиIуэт, ауэ абы Мэзкъу кьэдрэ зыщимыIэжьэу игъэззакъэуэ щытащ. Арати, пащтыхьым и щыкъу щIалэр Iэчлъэчу, цIыхухэм я жагъуэ иущ, щIыхэр кьатрихыу я нэгум кьыщIэна кьыщIэкIынти, апхуэдэу Iуэрыуатэм хагъэхьащ. Гуузу иухащ зи гугъу тщIы Михаил Темрыкъуэ и кьуэм и гъащIэр - 1571 гъэм яку Iаеуэ щытащ.

- Мис абы нэхъ утезгъэпсэлъыхьынут. Черкасский Михаил опричник дзэпщу щытауэ жыIоIэ уэ. Тхыдэм гуэрхэм а опричнинэр Грозным кьызэригъэпэщыну игу кьэзыгъэкIар Черкасскэхэм я унагъуэраущ, псалъэм папщIэ, и ятIуанэ щхьэгъусэраущ жаIэ. Ар пэжыныкIи хъунущ?

- ЩIэнысгъэлIэр зы зэман я фIэщу тепсэлъыхьауэ щытащ абы, Темрыкъуэ ипхъу Марие бгырысхэм я тепщэр зэрахъумэ Iэмалу дзэ щхьэхуэ гуэрым и щапхъэ кьыздихьа хуэдэу ягъэхьибгъу. Абы ищIыпужкIэ, пащтыхь Иван IV и боярхэм япэIэщIэ зищIыну, игъашIэм ямылъэгъуа опричнинэ жыхуаIэ плъырыдзэр кьызэригъэпэщыну и щхьэгъусэ етIуанэм кьиГъэщца хуэдэу, хамэ къэрал дэфтэрхэм щыхьэтхэр кьагъэувэ.

Сэ кьызэрысфIэщIымкIэ, а псори гулъытэ зыхуэмыфащэ защIэщ. Ахэр, дауэ ар зэрыжьпIэнур, урыс цIыхубэр хамэхэм, бзэмыIухэм, а Кавказым щыщIокIыхэм зэращышынэм кьыхэкIауэ аращ, фIэгъэнапIэ гуэрхэр кьалъыхьэуэ кьыззэрагупсысари наIуэщ. Хъыджэбзыр, дауи, Мэзкъу щIалэ дыдэу, зыми химыщIыкIыщ кьыззэрыкIуар. Уеблэмэ, зи кьару илъыгъуэ, къэрал кIуэцI политикэ IэхъукIэ адыгэ пщащэм и чэнджэщ хуэмыныкIуэ пащтыхьым зыгуэр игу кьиГъэкIын хуэдизуи урысыбзэ зэрыздэмыхьуарщ, адрейр - езым кьрым хъаным щэхуу зыпищIауэ зэрыщIэкIарщ. Дэтхэнэра нэхъ пэжыр? Е нэгъуэщI щхьэусыгъуэ иIэнкIи хъунущ ар щIагъэкIуэдам?

- Кьрым Iуэхуращ нэхъ пэжыр. 1569 гъэм зи унэцIэ боярин гуэрым абы кьулыкъу дищIэну идэртэкъым, ари пащтыхь хъунущ Михаил Фёдор и кьуэм нэгъуэщI и зы благъэт, патриарх Филарет и шыпхъэмкIэ малъхъэ кьыхуэхъуну. ЩIхьэусыгъуэхэр зыбжанэ хьу кьыщIэкIынт, ар зы щапхъэр зыкъудейщ.

- Иджы Дмитрий Мамстрыкъуэ и кьуэм деж кьэдгъэззэжынщ. Мис, 1613 гъэр къосри, Михаил Фёдор и кьуэр пащтыхь ящIну кьагъэлъагъуэ. Черкасскэхэр Романовхэ я щыкъущ, пащтыхьым и Iыхьлыщи, Михаил Фёдор и кьуэм и зэманым абыхэм кьулыкъушхуэхэр кьаIэрохьэ. Ауэ мыбдежым мыхьэнэ зиIэр лъэпкъым и пщIэракъым, уеблэмэ, Черкасскэхэм дзыхь хуащI-хуамыщIракъым, атIэ Дмитрий Мамстрыкъуэ и кьуэм зауэлI Iэщ1агъэ зэрыбгъэдэлъарщ. Лъэхъэнэ ЗэIымыбзым и кIэм абы мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэ кьыщылъысащ - 1617 - 1618 гъэхэм Урысейм кьытеуа лыхь-литва дзэхэр иригъэкIуэтын кьаIэныр и пщэ дальхьауэ щытащ.

- Пэжщ, ар лыхь-литва дзэр кьезышэжьа пащтыхьыкъуэ Владислав Мэзкъу кьыщIетуам щыгъуэ, биидзэр Можайск деж кьыщIэгъуэвIэн кьаIэн зиIэ дзэпщу кьулыкъум пэрагъуэат. АуэуIэгъэхьэлъхъущ, ерагъ ЫмыгъуэйкIэ кьэрагъэпри, Мэзкъу хъашхэжауэ щытащ. Ар и щхьэусыгъуэт Владислав и дзэр щыхьэрыкъщIыдыхьэфам. Бийр кьиГъэувIэну кьару хуримыкIуагъэнри хэлъщ. Лъхъэнэ ЗэIымыбзым зэкъуигъэхуа Мэзкъу кьэралыгъуэм иджыри бийм пэщIигъувэн кьаруушуэ зэрирагъэпэщыжьыфа кьыщэкIынтэкъым. ИтIани а зэманми Черкасскэм пщIэшхуи дзэпщ IэкIуэлъакIуагъи зэрIар уолъагъу. ЗэрыжьаIэмкIэ, абыр? а лъэхъэнэм нэхъ дзэпщ цIэрыIуэу щыта Пожарский Дмитрийрэ зауэм и гуащIэпIэм ягъэкIуат. Арати, пащIэрэ щхьэрэ иIэу къыхэкIри, лъэкI кьызэримыгъэнари наIуэ хъуащ.

- УIэгъэ хьэлъэм и зэранкIэ зауэ губгъуэм кьикIын хуей зэрыхъуам щхьэкIэ кьэмынэу, лыхьхэр кьызэтригъэувIэфащ, хэщIыныгъи яритащ, аракъэ? Си гугъэжьмкIэ, Можайск деж мазэ бжыгъэкIэ кIыхьлIыху щIыззэрыуат дзитIыр?

- НIтIэ, абдежым щызэзауэхэри Черкасскэр уIэгъэ щащIауэ щытащ. Iэзыр зззыгъэхъуIпэр дзэзешэу зэрыщIытам щыхьэт хуохъу ари.

- Черкасский Михаил Можайск фэеплъ щыхуагъэувыну кьелэжь, зэрыжьIпIэмкIэ. Дэ кьалэ унафэщIэхэм я Iуэхум дыхэIэбэну ди мурадкъым, итIани, Черкасский Михаил Мамстрыкъуэ и кьуэм теухуауэ щIы гукъэкIыжхэр кьагъэщIэрэщIэжми хъунущ.

- ЖыпIэнэмэ, абы и фэеплъ географ картэм кьинауэ итщ армырами. ФIыуэ зихьэжа пэтми, Мамстрыкъуэ и кьуэ Дмитрий и фэеплъ зезыхьэ щыпIэщIэ зэ Iуплъэгъуэжьэ кьыумыщIыхужыну щыIщ. «Мерзляковскэ» цIэр зезыхьэ уэрам-зыкъэгъэшыпIэ иIэщ а кьалэм. Зэ Iуплъэгъуэжьэ, пасэрей мэзкъу фIэщыгъэхэм ещхь гуэру кьупщохъу, Мерзляков унэцIэм къытехьыкIауэ. ИпэжьапIэкIэ ар «Мамстрыкъуэ и уэрамым» кьыщежьэри, хуэм-хуэмурэ XVIII лIэщIыгъуэм «Мерзляков»-м хуэжIауэ аращ. Iуэхур зыIутыращ: абдеж дыдэм Черкасскэхэ Дмитрий Мамстрыкъуэ и кьуэ бояриным и кьалэщIыбэ лъапсэр щытащ, уеблэмэ, зы лъапсэ-тэкъым, лъапсэ зыбжанэ, «слобода» жыхуаIэм хуэдэу жылэ псо, и уэсятым кьинащ абыхэм я хъыбар. ГъэщIэгъэнышущ икIи а жыла дыдэм Талызинхэ я лъапсэр зэрыхэтар, ар иужькIэ Толстойхэ яIэрыхьэри, Гоголь Николай и гущIэр абы щиухыгъат.

- ЩIыпIэ цIэрыIуэ дыдэу жыпIэ хъунущ. Мэзкъу Черкасскэхэ я цIэр зезыхьэ и уэрамкэр, Китай-кьалэ зыфаща лъэныкъуэм щыIэхэри, зыгуэркIэ епха щы Черкасскэхэ я унэцIэм?

- Шэн хэмылIу, епхащ. Ауэ ахэр зейуэ щытар Черкасский Иван Борис и кьуэрщ. Абдежым пэмыжьжьэу «Храм Святой Троицы на Полях» уэхэныгъэм и лъабжьэр итщ. Черкасский Иван Борис и кьуэм и пщылу щытахэм я Лутовиновх Иван и фэеплъ итщ абы. Зейм и лъапсэм щыпсэурт ари, метрищкIэ и псэупIэм нэхъ пэмыжьжьэу щIалъхьащ. XVII лIэщIыгъуэм ящIа пасэрей кхъашъэм ykIуэу уеплъ хъунущ.

- Иджы Михаил Фёдорович и зэманым дгъэззэжыну сыхуейт. Мес, Лъэхъэнэ ЗэIымыбзым и зауэ-банэхэр зэфIэкIащ, Черкасскэхэм я зэманыгъуэщ, политикэми дзэ Iуэхуэхэми хэIэбэфу я къэшIыгъуэщ. Абы нэхъ убгъуауэ дытепсэлъыхьынкIи ипэкIэ сынощIыну: езыхэм сытут абыхэр зыкъыззэралъытэжыр? ЧыристанигъэкIэ кьаIэрыхьа цIэхэр зэрахьэ щхьэкIэ, зэрысщIэжымкIэ, я лъэпкъыцIэри кьагъэсэбэпырт абыхэм. Нэхъыбэу Кавказ Ищхъэрэ лъэпкъыу зыкъалъытэжрэт, хьэмэрэ урысу забыжьрэт, сытми, урысхэм яхэшыпсысыпат, е я Iуэхур абы иджыри нэсатэкъэ?

- Мис а упщIэм жэуап еттыфын хуэдизу дэ ирикъун дэфтэр тIэщIэлъхъуам. Ауэ Черкасский Дмитрий Мамстрыкъуэ и кьуэм и уэсятым ар зи кьалэн зыгъэзащIэ чыристанифIу зэрыщытар, тхьэлъэIупIэхэм мылку кхуэ зэрахухигъэкIыр, и унэм дин хуэIуэхуэщIэ фэеплъ куэд зэрыщIэлъыр, сытми, XVII лIэщIыгъуэм православ чыристану зыкъэзыльытэжыр зэрыщытыпхъэм и дуней тетыкIэ зэрIар кьыхуоц. Араущи, хамэу забжьыку щытагъэнщ жысIэркъым. ТIури урыс жылэм хэпщIауэ, щэнхабзэм хащIыкIыу апхуэдизкIэ.

- ТIури жыхуэпIэр Иван Борис и кьуэмрэ Дмитрий Мамстрыкъуэ и кьуэмрэщ, дауи?

- Дмитрий Мамстрыкъуэ и кьуэри, нтIэ. Пэрытхэм ящыщу, къэрал кIуэцIми къэрал щIыб политикэмэ хэIэбэу, сыт щыгъуи пащтыхь сэрейм щекIуэкI дзэущIапхъэм хэпщIа зэпыту щытти, дауи, урыс боярин нэгъэсауэ зыкъалъытэжырт абыхэм. Хамэ къэрал щыщхэми жаIэ Черкасскэхэм ФIэлIыкIыщхэ зэрIар, Урысей къэралми я пIэ щисыжут къызэрыщыхьэр.

Мыбдежым уигу къабзэкIыжьыну игъэщIу Олеарий Адам Темрыкъуэ ипхъу зэрыжьIа ехьыбар. Абы зэрыжиIэмкIэ, Черкасский Иван Борис и кьуэм и щхьэгъусэр апхуэдизкIэ бзылъхугъэ дахэти, сэрейм пэгъунэгъу адрей цIыхубзхэм ещхьу сэхусэпIэ зыхилъхьэн идэртэкъым, жи, итIанэ-ми хагъэзыхьырт. Мыбдежым, си гугъэмкIэ, кьыхагъэщыну зыхуейр абы и лIыр зэрыбгъэдэлъ адыгэу зэрыщытаракъым, езы бзылъхугъэм кьэкIуэкI модэм гъщIэзыгъэувэф хьэл зэрIарщ, абы и фIыгъэкIэ, нэгъуэщI мыхъуми, дощIэ Иван Борис и кьуэм щхьэгъусэ лъагъуэфIэ зэрIар.

- Иджы япэу пащтыхьыгъуэ зыIэщIэлъа Романовхэ япэгъунэгъуэ Черкасскэхэм я дежкъэсащ. Я кьежьэкIэр емынэт, езыхэм я хьэл-щэнкIи, щытыкIэкIи, тетыгъуэр зыIэщIэлъ Романовхэ благъэкIэ кьаубыдэу зэрыщытыкIи. Черкасскэхэм политикэмрэ армэмрэ щыIэзрахьа лIыгъэхэм я инагъым дытегъэпсэлъыхьынущ иджы. XVII лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэмрэ икуэмрэ сыт хуэдэ Iуэху дахэ абыхэм я унэцIэр кьызыхэщыр?

- Романов Михаил Фёдор и кьуэм и лъэхъэнэм дыIэбэмэ, Дмитрий Мамстрыкъуэ и кьуэр хуэм-хуэмурэ токIуэт, 1618 гъэм щегъэжьауэ и цIэр щIагъуэу кьыхэщыжьыркъым. Иужьрейуэ ар утыку кьущыхьар 1633 гъэм урыс армэм и дзэзешэ нэхъыщхьэу щагъэувам ящыгъуащ. Абы и кьалэнт Смоленск деж щыт Шеин Михаил Борис и кьуэр кьригъэIыну. Ауэ дзэр зэрагъэпэщын ямыух щыкIэ, Шеиным зитауэ кьыщIэкIащ.

Иван Борис и кьуэм и гугъу пщIымэ, абы 1620 гъэхэм «приказ» зыбжанэ и учреждение щIэтащ, ахэри нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщу: Поместнэ приказ, Стрелецкэ приказ, Хъарзынэлъэшхуэм и приказ, Хущхъуэ кьызэгъэпэщыным и Iуэху зезыхуэ приказ. *(Приказ жыхуаIэкIэр нобэрей министерствэхэм яхуэбгъадэ хьунущ - ред.)*

Лъэныкъуэ гуэркIэ укъепльмэ, ар Михаил Фёдор и кьуэмрэ Филаретрэ премьер-министр хуэдэу ябгъэдэтауэ пхужьIэнущ, ахэри зэрыIыгъуу щытащ зы унафэщI кьудамэ хуэдэу зэхэтащ. Аратн, Иван Борис и кьуэр абыхэм я нэхъ пэгъунэгъу Iыхьлыгъэ зэрыщытыну, унафэ щIыкIэ зэрищIэм кьыхэкIкIэ, кьэралыгъуэр зегъэкIуэнырэ и пщэ далъхьа кьыщIэкIынщ. 1642 гъэм дунейм ехьыжьу а IэнатIэр абы иригъэкIащ, кьыгъэсогъэзэрэ, а зэманым щыта Урысейр зэрихьауэ аращ, нобэрей жыIэкIэкIэ - правительствэм и унафэщIу щытащ.

- Сэ кьыззэрызгурыIуэмкIэ, Черкасскэхэм я мыхьэнэм и инагъыр абдежми щиухыркъым. Я нэхъ мащIэу, Речь Посполитая жыхуаIэ лыхьыдзэм илъэс 13-кIэ драгъэкIуэкIа зауэм дзэзешэу Черкасский Яков Къундет и къуэр хэта хуэдэу кьызогубзыгъыж.

- Аращ зэрыщытри. Мыбдежым а лъэпкъым гъэщIэгъуэну ядэплъагъу гуэр кьыхэгъэщIын хъунущ. XVII, уеблэмэ, XVIII лIэщIыгъуэм абыхэм урысыщIым щадза кьуэпсэхэр зэрымыщIкIэ зэпычыжьэ кьэкIуэкIащ, и щхьэусыгъуэр кьыбгурымыIуэу. АпщIондэкъ езы Кавказ Ищхъэрэм аргуэру лъабжьэщIэ щыхасэжьрэт, щIэрыщIэу кьахэкIаэри мыбы кьакIуэрт. Адрейхэм елытауэ тIэкIу нэхъ кIэщIми, апхуэдэуэрэ Урысейм кьудамэщIэхэр кьыщыдзэжьыжьрт.

ИкIэм-икIэжьм, XVIII лIэщIыгъуэм Черкасскэ я лъэпкъ жыгъэр зэфIэувэпащ, Дмитрий Мамстрыкъуэ и кьуэм бын кьыщIэнакъым. Борис и къуэ Ивани кьудамэ кьытепщIыкIауэ дыщыгъуаззэкъым. КъыкIэлыкIуэу Черкасскэхэ кьахэкIар Иван Борис и кьуэм и адэ къуэшым и къуэ - Яков Къундет и кьуэрщ. Чыристанигъэ кьищтэн ипэкIэ Урыскъэмурэзэ цIэр зэрихьащ абы, езыр кьыщыкъуэкIар пащтыхь Михаил Фёдор и кьуэм и лъэхъэнэрщ. Iыхьлыгъэ зыгъэзыхьэу, боярину, дзэпщIыщхьэу щытащ, утыку кьыщихьар урыслъхъэ заузэщ.

- Сыт хуэдэ зауэзэрыIэхэр хъыдэм кьыхэщыжрэ Черкасский Яков и цIэм епхауэ? Сэ кьыззэрызгурыIуэмкIэ, а зэманым, XVII лIэщIыгъуэм ику - и етIуанэ Iыхьэм ар Урысейм и дзэзешэ пэрыту щытащ, ари дзэшхуэ, армэ зыфIэпщIын хуэдизхэм я унафэ Iэщ1эльэ?

- Пэжщ. Ялэу зи цIэ кьиУаупхъэр 1654 - 1655 гъэхэм ар Белоруссием эрыкIуащ. Яков Къундет и кьуэр и унафэ щIэт урысыдзэм занщIэу кьалипщI хуэдиз кьиубыдри, лыхьлитва дзэр икъукIэ иригъэкIуэтауэ щытащ. Зауэм и пщIэдзэм а зекIуэм и мыхьэнэр ин дыдэт. ИужькIэ зэрытемыгъакIуэхэу зыкъомрэ ззэзуахэщ. Ригэ кьахэущтакъым, абы щыгъуэм урыс-лыхь зауэм ищIыпужкIэ, урыс-шведзауэри кьахъзат. Ауэ кьызэщIуфыдауэ кьапщтэмэ, Яков Къундет и къуэр дзэпщIыхуэт, XVII лIэщIыгъуэм урысыдзэм и унафэр зыIэщIэлъа псоми кьахэлыдкIыжьу.

- КьызыхэкIахэм пащтыхь Романов Михаил Фёдор и къуэр щыбгъэдэтам щыгъуэ яIа пщIэм хуэдиз зэригъэпэщыфат езыр Черкасский Яков пащтыхь Романов Алексей Михаил и къуэм щыбгъэдэтат.

- Хьэуэ. Ар дзэпщIыхуэт, ауэ пащтыхьым и Iыхьлы гъэнэгъуэтхъым, къэрал IуэхуэгъакIуэуи администраторуи щытакъым. Ауэ, итIани, и благъэ нэхъыжьхэм зэрагъэпэща пщIэм езым кьыхуаIэ фIэлIыкIми хигъахъэрт. Ахэр щIэблэнщэу дунейм зэрехьэкIам и фIыгъэкIэ Дмитрий Мамстрыкъуэ и кьуэм пащтыхь Романовым нэс щIэну кьыхуагъанэри, бей дыдэ хъуат, Иван Борис и кьуэми адэ-модэкIэ щIыхэр кьыщыхуигъэнат. Урысейм нэхъ бейуэ иц бояринхэм яэт Яков Къундет и кьуэр, и щIэин абрагъуэр езым и бынхэм и чэзум кьахъугъэнэжащ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Шокарев Сергей

● Жыжьэ - гъунэгъу

Черкасскэ пщыхэр

Суриков Василий ищIа сурэтым щыволъагъу Пётр Езанэ пащтыхьымрэ *(ишым тесщ)* адыгэпщ, генералиссимус Черкасскэ Михаилрэ *(ижьыкIэ щытщ).*

Черкасскэ пщыхэр

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 3-нэ нап.)

- Абы къикІрэ Черкасскэхэмрэ Романовхэмрэ хуэм-хуэмурэ гущІыІэ зэхуэхъуауэ?

- ГущІыІэ фІэсщынтэкъым абы. А лъэхъэнэр икІауэ аркъудей, арати, пащтыхь Алексей Михаил и къуэр нэгъуэщІ цІыхухэм къаухъуреихьын щІадзащ. ЯпэщІыкІэ Морозов-бояриным, итІанэ Одоевскэ пщыхэм, ГъащІм и кум - Милославскэхэ, и кІэм - Нарышкинхэ. Ауэ а лъэхъэнэм и псалъалъэр къэбгъэсэбэлмэ, Черкасскэхэр лъабжьэжь зыхужаІэм хуэдэхэт. Къэмыланджэ лъабжьэжьт, езы бояр думэм тегъэщІапІэ хуэхъужь. Лъапсэ абрагъуэхэр, щІыналъэшхуэхэр яІэщІалъэт абыхэм. Егъэлеяуэбейкэт, жумартхэт, пщІэшхуэ зиІэ цІыхухъужхэт.

- НэгъуэщІу жыпІэмэ, Михаил Фёдор и къуэм и зэманым зэрыщытам хуэдэу, Урыей къэралыгъуэр зезыхьэхэм япэ иту щымытыжми, Черкасскэхэр итІанэми пщы лъэпкъ пэрыту къэнэжахэт?

- Ардыдэрщ. Пётр І и лъэхъэнэр къэсхуукІи апхуэдэу щытащ. ИтІанэ иджыри зы Черкасскэхэ я къудамэ, ар иужьрейуэ, къуэнэхури, иужькІэ лъэпкъым и пщІэм ехуэхьи щІидзащ.

- ЯІа пщІэм и ныбжьыр токІуэт?

- Аращ, яІа пщІэм и ныбжьым ужьыхьи щІидзащ. Ар Аннэ Иоанн и пхъум и лъэхъэнэрщ зыхуэзэр. Ауэ зэрыщэкІэлъыкІуэм хуэдэу дытепсэлъыхьмэ, нэхъыфІ къыщІэкІынщ. Яков Къундет и къуэм хуэ иІэжт - Михаил Яков и къуэр. Ар зэрыщІэрыІуэр Сыбыр щІыналъэм тепщэ зэрыхуэхъуамкІэщ. Сыбыр щІыхьэзыгъэпэща къулькъыщІэшхуэу зэрылажьам нэмыщІыж, ар къыпхуэмыщІахун цІыху пэжу зэрыщытамкІэ цІэрыІуэ хъуат - ІулъхъэІ Іихьиртэкъым, къэралми едыгъэртэкъым.

- Тобольск щыпсэуурт. Аращ, ар цІэрыІуэ зыщІар Иванов Алексейщ, «Тобол» романым и етІуанэ Іыхьэм щыпсэлъыхь абы. ЦІэрыІуэ зэрищІа щыкІэри гъэщІэгъуэнт. Черкасскэм Іулъхъэ щыІимыхар езым ипэ Тобольск щыІа тепщэ Гагаринэр Іулъхъэм текІуэджати аращ, жеІэри етх.

- ТхакІуэм сэ сриакъыщІэгъукъым абыкІэ. ГащІэм щыдалъэгъуар нэхъ пэжщ, сэ сызэрегупсысымкІэ. Ар уи нэгу кьыпхущІэмыгъэхьэн худизкІэ цІыху бейт. Арати, Іулъхъэм ещхьу Урысейм щымахуэкъэс апхуэдэ Іэхъу мыхьэнэншэкІэ и псэр, и напэр иуфеиину эуэмеиххэу арат. Иджы Михаил Яков и къуэм деж дынос - Черкасский Алексей Михаил и къуэр, ари цІыху гъэщІэгъэнт.

- Радиом едаІуэ цІыху лъапІэхэ! «Тхыдэм и сыхьэт» нэтыныр зэредгъэкІуэкІыр фигу къызоГъэкІыж. Ди псалъэмакъыр адэкІэ Черкесский Алексей Михаил и къуэм теухуащ.

- Черкасский Алексей Михаил и къуэр. Ар 1680 гъэм къалъхуащ. Зи ещанэ лъэхъэнэр щыхьэрым щІэзыхькІ мэзкуудэт ар а зэманым. XVIII лІэщІыгъуэм и пщІэм и адэм и ГъусэУ Тобольск щыІат, Пётр І и тетыгъуэм къигъэзэжат. 1730 гъэм Алексей Михаил и къуэр, езыр хуейхуэмейм емылытыгъэу, яІэ дыдэу урыс пащтыхьыгъуэм къыщыхьуа Іэхъум - тепщэм и унафэр ягъэмэщІэн мурадкІэ къэрахьэжьа къэхъукъащІэхэм яхэзэрыхьат. Иджыпсту апхуэдэу куууэ тхыдэм дыхьхьэнкъым, ауэ абы и мыхьэнэрат - 1730 гъэм конституцэ хуэдэ хабзэкІэ пащтыхьым и унафэр яГъэмэщІэн жэрдэм къыхаІъхьауэ щытащ. Ар зи ІэдакъэщІэкІыр урыс тхыдэджвышхуэ Татищев Василийм, езым и проектыр пхигъэкІын папщІэ, Черкасскэм къыхуаІэ фІэлІыкІыр зыдигъэІэпыкъуащ. Зыри кьикІакъым и гупыжхэм. Аннэ Иоанн ипхъури, езым ипэ итахэм ещхьыркъабзэу, псори зи Іэмыщ1э иль пащтыхь гуащэ хъуащ.

ИтІани Алексей Михаил и къуэм зыри къамыщІа къудейкъым, псалъэм папщІэ, езы Татищевым елъытауэ. Уеблэмэ, ищхькІэ драгъэкІуэтеящ, унафэм нэхъ пэгъунэгъуэ. Сенатору, чэнджэщэгъу лъагэу зэрыщытам нэмыщІыж, кабинет-министр къулыкъури къыхуагъэфэщащуэ щытащ. Остерман, Бирон, Волынский сымэ щылэжьа а правительствэм апхуэдизыпщІэ зиІэ цІыхуу зэрыхэтам хуэдэу, ипэм дежар зи псалъэ къыхэмыщІэщ къулькъущІэу щытащ. ЗэрыщІыху Іувым щхьэкІэ нэщІыбагъкІэ «шубакъкІэ» къеджэхэрт. И лъэхъэнэгъуэм зэрыжаІэжьымкІэ, и цІэр къыззэрилъэфэкІыр нэхъыбэт, къэралыгъуэ зэрызэрихьэм нэхъри. Пэжыр жыпІэмэ, тынштэкъым урыс пщы-эрэкъым дежкІэ Бирон хуэдэм зыхуигъэлъэхьшэныр, итІани, и пщІэри, и къулькъури, нэхъыщІыхьэраци, и мылъку абрагъуэрри ихъумащ. ЯгъэкІуэдакъым, хилъэфакъым, псори ипхъу закъуэ Варварэ Алексей и пхъум къыхуигъэнащ. Ар цхьэгъуэ хуэхъуат пщІэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ пхъэкІым къыхэкІа щІалэм - граф Шереметев Пётр Борис и къуэм, зи адэр Пётр І и зэманым фельдмаршалу щытам. ЛъагэунгъэмтещІыхьа нэчыхьт ар, уеблэмэ, зэман кІыхькІэ ныбжьыщІэхэр зэрагъэшэн ямыдэу зраЛъэфрихьащ...

- Сытыт щІамыдэр?

- Шереметевхэ нэхъ лъэщ ямыщІын папщІэ. Зэрыхъуари ардыдэращ - Шереметев Пётр Борис и къуэм Черкасскэхэм я щІы мылъку абрагъуэр Іэрыхьащ.

- Дигу къэдгъэкІыжьыну сыхуэйт Шереметевхэ Захарьин-Юрьев-Романовхэ я Іыхьлы дыдэу зэрыщытыр, пэрыт лъэпкъым и къуэпсыр зыгуэркІэ зэпычмэ, пащтыхьыгъуэр езыхэм зэраЛъэсыр утыку къырахьну хуиту. 1613 гъэм аэрри тетыгъуэр зыхуаГъэфэщэнкІи хъунухэм хабжэу щытащ.

- Пэжщ, аэрри тахътэм пэгъунэгъут, бгъэдэтыпэу пхужьІэнут. ИпэжьпІэкІэ XVIII лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм Шереметевхэм зэрызаузэщІам аращ и щхьэусыгъуэр. Ар хуозэ граф Николай Пётр и къуэм и зэманым, иужькІэ абы и къуэрылъху Дмитрий Сергей и къуэм и жьыджэрыгъуэр абы къыриІуащ. А лъэхъэнэхэм Шереметевхэ Черкасскэхэм щІэину къыхуагъэна Лъапсэ абрагъуэхэр яІэщІалъэщ, псом хуэмыдэу гулъытэ хуэфащэщ нэхъапэм Черкасскэ пщыхэм зэрахьа Останкино лъапсэ щІэрыІуэр. «Большой Черкасский переулок» уэрамымрэ Никольскэмрэ я зэпылъыпІэм дежщІа унэри Шереметевхэ яІэрыхьэри, Богоявленскэ уэрамым нэс хьихьэ щІышхуэр зэрыщыту а лъэпкъым ей хъуащ.

- Мэзкуу нэмыщІ, нэгъуэщІ щІыпІи щІы щаІэтэкъэ абыхэм?

- Шэч хэмылъу. Лъэпкъ цІэрыІуэ дыдэт, егъэлеяуэ щІышхуэ яІэщІэлъу.

- Иджы Черкасскэхэ я лъэпкъым и Іуэхур зыІутым девгъэлъэ. Пащтыхь Алексей Михаил и къуэм деж къыщыщІэдзауэ Аннэ Иоанновнэ пащтыхь гуащэм деж пщІонд абыхэм я пщІэр ехуэхакъым. Ягъ дыдэ имытыжми, ягъ сатырым зэрыхэтщ. ИтІани, уэ жыпІащ Аннэ Иоанновнэ и сенаторыр дунейм ехыжа нэужь, абы щІэбгъ къызэрыщІэмынар. Араущи, адэкІэ кърикІуэр Черкасскэхэм я лъэпкъ Шереметевхэ хэпщІа Іуэрааращ, ягъм яІа пщІэри Черкасскэхэ яІэжакъым. ИтІани, лъэпкъым и къудамэ нэхъыщІэхэр щыІэтэкъэ?

- ЩыІэт. Аргуэру мыбдежьым лъэпкъ къудамэхэр зэрыщыІэзэблэкІыр дольагъу. 1742 гъэм, Черкасский Алексей Михаил и къуэр щыІам щыгъуэ, иджыри зы къудамэ къэнат. Абы, дауи, апхуэдэпщІэ иІэтэкъым, ауэ а лъэпкъым щІэдзапІэ хуэхъуа нэрыбгъм и гугъу дымышІу хъунукъым. Ари Темрыкъуэ и лъэпкъ къудамэм хохьэ, Иналыпщым къытехуэкІахэм. Ар пщы, боярин Черкасский Михаил Алыджыкъуэ и къуэрщ - Пётр І и лъэхъэнэм пэрыту щІы-щІышхуэ, 1698 гъэм и жьакІэр имыупсыну пащтыхьым хуит ищІаищым яз.

Абы ипэжкІэ ильэситкІэ, 1696 гъэм ар Азов зекІуэм и унафэщІ ящІын мурад яІащ, япэ урыс фельдмаршал ящІын я гугъэу. Жбыгъэм и закъуэщ Михаил Алыджыкъуэ и къуэм а зекІуэ иришэжьэну Іэмал къэзымытар. Дэри абы теухуауэ щыхьэт узынІщ диІэщ.

«Утро стрелецкой казни» сурэт щІэрыІуэр ди нэгу кьыщІэдгъэхьэмэ, дэ дощІэ абы и иужьрабгъумкІэ Пётр щым тесу зэритыр, зауэлІхэм губжьауэ къахэплъэу, Преображенскэ полкым и офицерхэри итщ абдежьм. Япэ сатырым боярин гуэр жьакІэшхуэ тету щыбольагъу, пыІэ кІыхь щхьэрыгъэр пасэрей фащэ щыгъуэ. Мис ар, сурэтыщІми и нэгу зэрыщІэтакмкІэ, Черкасский Михаил Алыджыкъуэ и къуэрщ. Пащтыхьым дзыхь егъэлея къыхуищІырт, апхуэдэ дыдэу, гъэщІэгъуэнкъэ, цІыхубэм дежи пщІэ щиІэт абы. Зыгуэр яхэлът Черкасскэхэм, мэзкуудэсхэм фІыуэ къыригъэльагъуэ. 1682 гъэм стрелец-зауэлІхэм зыкъаІэту бояринхэр фІагъэжьан щыщІадзам, а зи гугъу тщІы Черкасскэм, Матвеев Артамон къыригъэлын и гугъэу, абы зытриІубат. АрщхьэкІэ зауэлІ зыкъэзыІэтахэм Черкасскэр Іуалъэфри, абы зыри ирамыщІэу Матвеевыр ящІауэ щытащ. ИужькІэ епщыкІуэ хъуа Талицкий Гришкэ Пётр І пащтыхьыр иукІыну зыщигъэхьэзырын щыгъуэ, жиІэрт: «ИІэ, пащтыхь нэпцІыр дывгъэуКІи, Михаил Алыджыкъуэ и къуэр цІыхуфІщи, пащтыхьу хэдвгъэх».

- ЦІыхуфІагъымрэ хьэлэлагъымрэ къыщІэкІынщ а псом и щхьэусыгъуэр. Пэж дыдэу, Черкасскэхэ XVII лІэщІыгъуэм чыристанигъэ нэгъэса къагъэлъагъуэу псэуащ. Дэфтэр куэд дыдэ си нэгу щІэкІащ Мэзкуу къыщыдэкІуэ. Абыхэм ярытт пщы Черкасскэм тхъэелъэІуплІэхэм яритыну тхылъ лъапІэхэр куэду къызэрищэхур. А лъэныкъуэмкІэ абырэ Пожарский Дмитрийрэ зэпеуэрт, тІуми члисэхэм ахъшэшхуэ иратырт. Я лІыгъэри хэлъа къыщІэкІынщ Іуэхум. Черкасскэхэм дззешэ куэд къаухэкІащ, зауэ губгъуэми зыщІэхьыжьмыІэу щыхахуэхэт. Сыт пщІэн, апхуэдэпщІэми и зэманыр йокІ. Пэжу къызгурыІуэмэ, XVIII лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэми ЗІХ-лІэщІыгъуэми абыхэм министр яхэтыжа-къым, кІуэ, иджыри генералхэр, офицер нэхъыщІхьэхэр къахохуэ.

- Аращ зэрыщытыр. Черкасскэхэм япэм ещхьыри къулыкъу лъагэхэр яІыгът. Иджыри и гугъу тщІыпхъэщ XIX лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм пэрыту щыта Черкасский Владимир Александр и къуэм, ар Михаил Алыджыкъуэ и къуэм и къуэпсым щыщыпст. Ар хуозэ Александр II и зэманым, щІы ІуэхуэхмкІэ къулыкъущІэу щытащ, иужькІэ уэсэмнэдзэм къыІэщІаха Болгариеми и унафэщІ ящІат. Абы тету 1878 гъэм дунейм ехьжащ ар. Зы зэманкІэ Мэзкуу и тепщэуи щытащ.

- А Черкасскэ лъэныкъыжьым и къудамэ гуэри ди зэманым къэсакъэ? Гур хэзыгъэщІ хабзэ мыхъумыщІэ зэтеуваэ, лІакъуэ гуэрым и нэхъыжьхэр щхьащауупщІыкІа нэужь, абыхэм къащІэува нэхъыщІэхэм езыхэм нэхъ яхуэфащэ хуэдэу щыт политикэ-дзэ къулькъу яГыэт. Дызэрыт зэманым щІэжму пІэрэ а лъэпкъыжь щІэрыІуэм пасэ зэманым иІа пщІэр зэхьыгъуэ къудамэщІэ гуэр?

- Алыджыкъуэ и къуэ Михаил и къуэпс XVIII, XIX лІэщІыгъуэхэм къежьам нобэми зеубгъу. 1918 гъэм контр-адмирал Черкасский Михаил Борис и къуэр гуузу кІуэда нэужькІи, абы и къуэ Борис Михаил и къуэм къытепщІыкІыжауэ лъэпкъым зеужь. И адэр дунейм ехьжри мазэ зыбжанэ фІэкІа дэмыкІауэ дунейм къытехьауэ щытащ ар. Совет зэманми мыбы щыІа Черкасскэхэр къелауэ, зи гугъу сщІа Борис Михаил и къуэм къытепщІыкІыжа къудамэр Мэзкуу щопсэу.

- Ди нэтыныр и кІэм нэблэгъащ. ЖыІта псом дыщІызгъужьну сызыхуейр Черкасскэхэ я лъэпкъыр фІыкІэ дигу идгъэлъыну, абы фІыщІэ яхуэтщІыну зэрыхуэфащэрщ. Абыхэм я напэр къабзэу Урысейм гугъу зыхуригъэхьащ, Іэнатіэ хьэлъэ Іэджэм биим щапэщІэтащ, зауэ куэдми хэтащ, цІыхубэм фІыуэ къалъагъу къулькъущІэхэуи щытащ. Си щхьэкІэ купщІэшхуэ зыщІэлъ мы уэрэзырым папщІэ нобэ ди гъуса Шокарев Сергей фІыщІэ хузощІ, узынщэу фыщыт!

ЗыгъэхьэзырарЗ
ЧЭРИМ Марианнэ.

● Футбол

Зы щыуагъэм и уасэр

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Краснодар 3» (Краснодар) - 0:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 20-м. ЦІыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Зубов (Іуэзэ), Городовой (Ставрополь), Циклаури (Мэзкуу).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Ольмезов, КІэдыкІуей, Шумахуэ, Мэкъуауэ, Бахьсэнокъуэ (Ашу, 61), Хьэшыр (ХьутІэ, 63), Іэпщацэ (Жангуразов, 85), Пащты, Дзжъу (Джатэрщ, 61), Гугуев.

«Краснодар 3»: Штепэ, Никитин, Бочко, Чичбэ, Пивоваров (Основ, 86), Котов (Бенедык, 36), Абдокъуэ (Коломийцев, 79), Петерсон, Арбузов, Мавлянов (Рзаев, 57).

Топыр диГьэкІащ:Арбузовым, 40 (0:1).

Дагъуэ къыхуащащ: Мавлянов ым, Пивоваровым, Ашум, Арбузовым, Пащтым, Петерсон.

НЭГЪАБЗ жэпэгъуэм (октябрым) и 11-м Ставрополь щыІэу къызэрыхагъащІэрэ зыри къызыпэмылъэщащ «Спартак-Налшык», куэдым хуамыгъэфэщауэ, щэбэт кІуам Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыфІахьащ. Абы ІыгъэрэфІы фыдэу ирегъэкІуэкІа джэгуГъуи 8-м къыщыкІэтэхэм нэхъэрэ зыкІи нэхъ лъащэхэм гъатхэпэм и 20-м хьэрхуэрэгъу къахуэхъуари икІи Краснодар и ещанэ командэм къыригъэкІуэтым хуеятэкъым. АрщхьэкІэ топджэгъум езым и хабзэ иІэжщ, икІи уи ныкъуэкъуэгъуэ зы мэскъалкІэ ухуэбэлэрыгъамэ, фІы лъэпкъ упэмыплъэ.

Зэхьэзэхуэм и мыгъэрей Іыхьэм и пэщІэдзэ зэІуцІэм Мейкъуапэ и «Дружба»-р зэрыщыкигъэтахэм нэхъэрэ зыкІи нэхъ лъащэхэм гъатхэпэм и 20-м хьэрхуэрэгъу къахуэхъуари икІи Краснодар и ещанэ командэм къыригъэкІуэтым хуеятэкъым. АрщхьэкІэ топ